Ce Manuel de classe a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain
à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Lecture Pour Tous

Njàng


CP

République du Sénégal
Ministère de l'Education nationale

# Njàng

CP

## Téere kalaas




Lecture Pour Tous

République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Njàng

CP

## Téere kalaas

## Wolof

**Année 2018**

©

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter [ce document] y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant :
https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo

# PREFACE

Dans le cadre de l'amélioration de la qualité des enseignements et des apprentissages au cycle élémentaire, le Ministère de l'Éducation nationale du Sénégal a mis en place le programme « Lecture Pour Tous », financé par le Gouvernement américain à travers l'Agence Américaine pour le Développement International.

L'atteinte des objectifs de qualité annoncés dans le Programme d'Amélioration de la Qualité, de l'Équité et de la Transparence (PAQUET) dépend, en partie, du développement des compétences de lecture sans lesquelles les apprentissages se réalisent difficilement dans les autres disciplines. Or, les performances en lecture sont fortement tributaires de l'accès des apprenants à des intrants de qualité. C'est pourquoi, le matériel didactique conçu et réalisé par Lecture Pour Tous, pour servir de support à l'ambition du ministère d'améliorer les acquis scolaires dans cette discipline fondamentale, revêt un intérêt capital du fait de l'utilisation des langues nationales comme médium d'apprentissage de la lecture initiale.

Ce matériel didactique est élaboré sur la base d'expériences éprouvées, menées de par le monde et adaptées au contexte sénégalais, y compris le curriculum de l'éducation de base (CEB). Les évidences en apprentissage de la lecture initiale démontrent que le recours aux langues que parlent et comprennent les enfants, l'adoption du principe du décodable, l'application d'une approche d'apprentissage systématique, explicite et structurée permettent aux enfants de lire.

Au vu des nombreuses expertises sollicitées pour sa conception, il est à espérer que ces ouvrages constitueront des supports de qualité qui permettront d'apporter une réponse effective à la volonté du Ministère de l'Éducation nationale d'améliorer sensiblement les performances en lecture.

C'est le lieu de remercier l'USAID pour son précieux concours et d'inviter tous ceux qui auront en main ces outils d'en faire un bon usage.

**Le Ministre de l'Education nationale**

# AVANT-PROPOS

Pour aider les élèves sénégalais à réussir l'apprentissage de la lecture dès les premières années de leur scolarité, le programme « Lecture Pour Tous » a conçu ce manuel de classe en langue nationale dans une approche syllabique. Il est destiné aux élèves de Cours d'Initiation (CI).

Ce livret est un outil de classe qui permet à l'enseignant (e) de travailler régulièrement les capacités de lecture des élèves. Il est fondé sur le respect du principe de décodage systématique en lecture. C'est-à-dire que l'élève apprend progressivement sur la base de lettres, de sons et de mots déjà étudiés.

Dans la progression, l'élève apprend à reconnaître les sons à l'oral et à l'écrit, à combiner des lettres pour former des syllabes, à associer des syllabes pour former des mots, à lire des mots familiers et des mots inventés, des phrases et des textes de façon fluide et à s'essayer à trouver le sens des mots et des phrases qui sont lus.

La démarche préconisée recommande fortement de :


- Utiliser régulièrement le livret pour dérouler toutes les activités de lecture en classe ;
- Amener l'élève à pointer du doigt l'objet à lire pendant au moins six secondes en lui accordant toute son attention ;
- Amener l'élève à lire à haute voix tous les jours les contenus présentés.

Outil indispensable à la classe, ce livret est un intrant de qualité pour aider les élèves à développer, avec un minimum d'assistance, leurs compétences en lecture.

# Table des matières

Alphabet illustré .......... 6
Tableaux de l'alphabet .......... 10
Semaine 1 : Leçons 1, 2 et Leçon 3 (Révision) .......... 11
Semaine 2 : Leçons 4, 5 et Leçon 6 (Révision) .......... 20
Semaine 3 : Leçons 7, 8 et Leçon 9 (Révision) .......... 29
Semaine 4 : Leçons 10, 11 et Leçon 12 (Révision) .......... 41
Semaine 5 : Leçons 13, 14 et Leçon 15 (Révision) .......... 53
Semaine 6 : Leçons 16, 17 et Leçon 18 (Révision) .......... 65
Semaine 7 : Leçons 19, 20 et Leçon 21 (Révision) .......... 77
Semaine 8 : Leçons 22, 23 et Leçon 24 (Révision) .......... 89
Semaine 9 : Leçons 25 et Leçon 26 (**Intégration 1**) .......... 101
Semaine 10 : Leçons 27, 28 et Leçon 29 (Révision) .......... 108
Semaine 11 : Leçons 30, 31 et Leçon 32 (Révision) .......... 116
Semaine 12 : Leçons 33, 34 et Leçon 35 (Révision) .......... 124
Semaine 13 : Leçons 36, 37 et Leçon 38 (Révision) .......... 132
Semaine 14 : Leçons 39, 40 et Leçon 41 (Révision) .......... 140
Semaine 15 : Leçons 42 et Leçon 43 (**Intégration 2**) .......... 148
Semaine 16 : Leçons 44, 45 et Leçon 46 (Révision) .......... 153
Semaine 17 : Leçons 47, 48 et Leçon 49 (Révision) .......... 161
Semaine 18 : Leçons 50, 51 et Leçon 52 (Révision) .......... 169
Semaine 19 : Leçons 53, 54 et Leçon 55 (Révision) .......... 177
Semaine 20 : Leçons 56 et Leçon 57 (**Intégration 3**) .......... 185
Semaine 21 : Leçons 58, 59 et Leçon 60 (Révision) .......... 190
Semaine 22 : Leçons 61, 62 et Leçon 63 (Révision) .......... 198
Semaine 23 : Leçons 64, 65 et Leçon 66 (Révision) .......... 206
Semaine 24 : Leçons 67, 68 et Leçon 69 (Révision) .......... 214
Semaine 25 : Leçon 70 (**Intégration 4**) et Leçon 71 (**Evaluation d'étape**) .......... 222

# Abajada wolof

a  A


anaanaas

b  B


bal

c  C

caabi

d  D

daba

e  E

ekool

ë  Ë

lëg

f 

F

foto

# Abajada wolof

g  G

gaal

i  I


dibi

j  J


jën

k  K

kaani

l  L

lal

m  M

mala


n  N

nafa


# Abajada wolof

ñ  Ñ

ñey

ŋ  Ŋ

ŋàdd

o  O

oto

p  P

paan

q  Q

caq

r  R

riiti

s  S

satala

# Abajada wolof

t  T

tama

u  U

ubbi

w  W

waliis

x  X

xar

y  Y

yoo

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| a | b | c | d | e | ë |
| f | g | h | i | j | |
| k | l | m | n | ñ | ŋ |
| o | p | q | r | s | |
| t | u | w | x | y | |

# a e ë i o u m l b d n

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | a | m | o | n | l | u | b | d |
| ▲ | b | e | n | u | m | d | o | l |
| ■ | o | l | u | d | e | b | n | m |
| ● | e | b | m | o | n | o | i | u |
| ♥ | n | u | b | l | i | m | d | o |
| ☾ | m | o | a | d | b | l | n | e |
| ☀ | d | u | i | n | b | e | a | n |
| ☺ | i | m | b | o | l | n | d | u |

★


| | | |
|---|---|---|
| m | i | mi |
| a | b | ab |
| l | ob | lob |
| d | u | du |
| o | n | on |

▲

| | | |
|---|---|---|
| ë | l | ël |
| d | e | de |
| u | m | um |
| b | i | bi |
| n | am | nam |



| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | ma | la | mala | lë | lu | lëlu |
| ▲ | li | do | lido | fa | lu | falu |
| ■ | ba | le | bale | a | bal | abal |
| ● | ma | di | madi | do | no | dono |
| ♥ | u | ba | ubal | a | lom | alom |
| ☾ | a | mal | amal | ma | mi | mami |
| ☼ | ma | la | mala | la | fu | lafu |
| ☺ | a | lu | alu | du | te | dute |



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | umu | amal | duma | daba |
| ▲ | nenu | mile | dimi | bile |
| ■ | Badu | dono | bale | lemu |
| ● | lido | mati | midi | lale |
| ♥ | diba | nabu | bal | melo |
| ☾ | Abu | alom | idi | abal |
| ☼ | Madi | Ami | limu | deme |
| ☺ | omo | mala | alal | ubal |

Idi dem na.

Balu Badu la.

Oto Daba la.

Nun dem nanu

Madi am na alom.

Abu mile amul alal.

Madu mën na lido.

Ami Ba bale na.

Nabu abal ma bal bi.

Mala mi du nen de.

# a e ë i o u k f c r t

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | f | o | c | k | r | t | n | ë |
| ▲ | u | l | e | t | ë | a | i | f |
| ■ | e | i | r | l | o | u | c | a |
| ● | k | u | l | ë | b | a | n | t |
| ♥ | r | c | i | f | ë | a | k | m |
| ☾ | n | l | t | n | b | c | m | ë |
| ☼ | f | o | k | t | b | n | u | ë |
| ☺ | u | c | m | r | ë | d | t | k |

★

| | | |
|---|---|---|
| k | ë | kë |
| a | r | ar |
| e | c | ec |
| t | a | ta |
| f | in | fin |

▲

| | | |
|---|---|---|
| u | f | uf |
| k | i | ki |
| o | t | ot |
| c | a | ca |
| r | ob | rob |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ka | fe | kafe | bo | ri | bori |
| fo | ri | fori | ce | ku | ceku |
| ku | ti | kuti | ki | lo | kilo |
| ce | re | cere | u | til | util |
| ta | be | tabe | ko | ri | kori |
| bi | ti | biti | ra | ki | raki |
| ta | pi | tapi | ba | ri | bari |
| co | ro | coro | ta | fa | tafa |

| | | | |
|---|---|---|---|
| kilo | biti | tame | util |
| ceku | bori | koti | oto |
| como | nafa | foto | cër |
| kafe | cate | aca | kuti |
| aka | cofe | kale | ëfal |
| bato | Raki | kër | cere |
| kori | fari | kuli | catu |
| tabe | tali | col | fori |

Kura du como.

Raki dafa tabe.

Mari du def.

Nabu dafa kuli.

Aba am na ceku.

Nafi uti na cere.

Rama foto na ko.

Mala mi dem na fori.

Këru Ami am na kafe.

Tali bi bari na oto.

# a e ë i o u d m l n b k f c r t

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | d | e | m | f | l | n | i | u |
| ▲ | b | o | t | r | c | a | k | ë |
| ■ | t | a | u | d | e | m | ë | r |
| ● | f | l | k | c | o | i | n | b |
| ♥ | u | t | o | i | k | ë | d | f |
| ☾ | e | m | n | b | a | r | l | c |
| ☼ | o | n | d | m | i | t | u | a |
| ☺ | r | f | c | e | ë | k | b | l |

★


| | | |
|---|---|---|
| c | u | cu |
| d | er | der |
| ë | f | ëf |
| l | a | la |
| r | ot | rot |

▲

| | | |
|---|---|---|
| k | an | kan |
| b | if | bif |
| u | m | um |
| n | el | nel |
| i | t | it |



| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | fi | te | fite | kum | te | kumte |
| ▲ | bë | re | bëre | ra | fet | rafet |
| ■ | le | mu | lemu | a | raf | araf |
| ● | ko | ti | koti | dë | rëm | dërëm |
| ♥ | cë | fit | cëfit | ër | tal | ërtal |
| ☾ | al | met | almet | fa | bu | fabu |
| ☼ | col | ka | colka | ul | de | ulde |
| ☺ | de | fin | defin | fe | ral | feral |



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | kilo | lebu | dalin | alku |
| ▲ | këfin | matu | bëret | furi |
| ■ | tafli | dabe | bori | teral |
| ● | uti | balu | cere | artu |
| ♥ | kolu | fabin | keru | leru |
| ☾ | dono | defit | cafka | rabal |
| ☼ | tufe | muri | keral | kër |
| ☺ | forle | kulbet | nërëm | manin |

Barka demul Kafrin.

Pir am na ron.

Lebu feral na Ami.

Ub na këram, tëri.

Lamu Alfi dafa rot.

Tertu nanu muse Kan.

Mari tël na bal bi.

Raki diri na lal bi.

Ku am dërëm na dem.

Omar lem na darab bi.

# 4

# aa ee ii oo uu y x g w s

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | i | s | g | x | w | g | y | ii |
| ▲ | d | ee | k | a | l | m | ë | t |
| ■ | l | i | w | a | m | g | k | u |
| ● | oo | x | ë | d | s | t | y | f |
| ♥ | y | uu | n | w | i | y | e | r |
| ☾ | ë | l | s | f | g | u | aa | a |
| ☀ | ii | x | i | t | aa | m | u | n |
| ☺ | s | o | c | ee | b | e | r | ii |

★

| | | |
|---|---|---|
| y | aa | yaa |
| g | oo | goo |
| x | ee | xee |
| ii | s | iis |
| s | uu | suu |

▲

| | | |
|---|---|---|
| ii | g | iig |
| s | eey | seey |
| w | uu | wuu |
| oo | s | oos |
| x | aa | xaa |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | yaa | tu | yaatu | xee | lu | xeelu |
| ▲ | x | at | xat | boo | le | boole |
| ■ | rii | ti | riiti | tuu | ru | tuuru |
| ● | tee | ru | teeru | waa | ne | waane |
| ♥ | nuu | ru | nuuru | fii | re | fiire |
| ☾ | see | tu | seetu | xoo | le | xoole |
| ☼ | roo | ti | rooti | saa | bu | saabu |
| ☺ | x | iif | xiif | da | gan | dagan |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | yaatu | yëgoo | teeru | diine |
| ▲ | yooru | balaa | boole | yuuxu |
| ■ | saaku | wiiri | aalu | xeelu |
| ● | muuru | waane | kaata | riiti |
| ♥ | xoole | seetu | weesu | coono |
| ☾ | baamu | taaru | diwoo | ameel |
| ☼ | siiru | saatu | riisu | nuuru |
| ☺ | tuuti | ekool | tuuru | waaso |

- Faatu dafa taaru.
- Laago du weesu.
- Taala daanu na.
- Ana liir bi ?
- Baaba am na riiti.
- Am naa saaku ceeb.
- Siiru mi daanu na.
- Aali diwoo na ko leegi.
- Golo moo doon xeelu lëg.
- Fii dafa taa, nanu wiiri.

# aa ee ëe ii oo uu ñ j ŋ p q

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | a | p | e | j | q | l | ŋ | s |
| ▲ | g | ŋ | y | ñ | i | y | oo | r |
| ■ | x | d | ñ | g | o | ë | m | y |
| ● | j | s | ë | q | uu | ŋ | b | u |
| ♥ | y | ii | s | ee | x | ii | ñ | g |
| ☾ | ë | n | w | ŋ | a | s | j | c |
| ☀ | g | ŋ | s | o | f | ñ | g | i |
| ☺ | w | j | aa | b | y | aa | w | f |

★

| | | |
|---|---|---|
| ñ | ii | ñii |
| aa | j | aaj |
| ŋ | uu | ŋuu |
| n | eep | neep |
| t | uq | tuq |

▲

| | | |
|---|---|---|
| p | oo | poo |
| a | q | aq |
| j | ee | jee |
| ii | ŋ | iiŋ |
| ñ | uub | ñuub |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | jaa | mu | jaamu | ŋaa | mu | ŋaamu |
| ▲ | pee | se | peese | jii | tu | jiitu |
| ■ | to | qu | toqu | naa | jo | naajo |
| ● | ñaa | ri | ñaari | juu | ti | juuti |
| ♥ | joo | wu | joowu | to | qi | toqi |
| ☾ | see | ñu | seeñu | jaa | ro | jaaro |
| ☼ | ja | la | jala | pi | kiir | pikiir |
| ☺ | t | eeŋ | teeŋ | c | aq | caq |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | ñaari | seeñu | ñaare | peese |
| ▲ | niitu | foofu | ŋaamu | wuude |
| ■ | naajo | ruqe | ŋebal | gaañu |
| ● | paase | jiitu | joowu | boqu |
| ♥ | boole | piire | toqu | jaaru |
| ☾ | juuti | toqi | jaamu | teeru |
| ☼ | ñaata | jaaro | poose | xiiru |
| ☺ | ŋëbal | xaañu | ŋexal | doole |

Rama dafay paase.

Naajo neex na.

Doole mooy bëre.

Jën  lay seeñu.

Muus mi xiiru na.

Kilo bi ñaata la ?

Fas wi ŋexal na.

Maam ji dafa poose bëñ.

Am naa jaaro bu rafet.

Foo ko gis mooy jiitu.

# aa ee ii oo uu y s x g w ñ j ŋ p q

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | s | aa | y | p | ñ | ee | j | ii |
| ▲ | w | oo | x | ŋ | g | uu | q | aa |
| ■ | uu | x | aa | ñ | ii | y | p | ŋ |
| ● | ŋ | j | ee | w | s | q | oo | g |
| ♥ | ii | q | p | oo | w | ñ | ŋ | ee |
| ☾ | x | y | uu | aa | j | g | s | uu |
| ☼ | g | ee | q | uu | y | ii | aa | ŋ |
| ☺ | j | ñ | oo | s | p | x | w | q |

★


| | | |
|---|---|---|
| g | aa | gaa |
| y | ee | yee |
| a | ñ | añ |
| f | eq | feq |
| ee | w | eew |

▲

| | | |
|---|---|---|
| w | uu | wuu |
| j | iin | jiin |
| ŋ | oos | ŋoos |
| uu | f | uuf |
| x | aay | xaay |



| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | see | tu | seetu | aaw | lu | aawlu |
| ▲ | uu | de | uude | xoo | je | xooje |
| ■ | xu | loo | xuloo | gaa | wu | gaawu |
| ● | ñuu | lal | ñuulal | goo | ŋe | gooŋe |
| ♥ | ŋaa | wu | ŋaawu | po | qe | poqe |
| ☾ | yaa | sa | yaasa | së | qal | sëqal |
| ☼ | see | ñu | seeñu | wee | su | weesu |
| ☺ | soo | xe | sooxe | taaw | loo | taawloo |



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | waajur | tuŋaañ | joowu | uute |
| ▲ | xoosu | seexlu | yëgle | ñawloo |
| ■ | yuqat | woote | cosaan | aasma |
| ● | ŋooru | geesu | aaŋu | waaje |
| ♥ | suusal | saxaar | xeeñal | naajo |
| ☾ | naajeel | ñaqal | yoote | gaawe |
| ☼ | ŋexal | cooroon | weesu | ñuule |
| ☺ | xuuje | ñuqi | kawdiir | cuuraay |

Luubu baaxul de !

Biir gi yaatu na.

Aw ŋaamam la ŋaaw.

Gaalu mool bee teer.

Tooyal na loxoom.

Puudar na ŋootoot yi.

Ñeexum kaanee saf te wex.

Yoorul dem gaaw balaa naaj.

Leemu soow na Maam Roqi.

Riitil mu neex, Kooña woy.

# kk gg

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | jaaro | seetu | xiiru | kaata |
| ▲ | ŋëbal | wiiri | teeru | ekool |
| ■ | tuq | waaso | wuude | weesu |
| ● | xool | aŋal | ñuqi | cuuraay |
| ♥ | jiitu | yuqat | tuŋaañ | xuuja |
| ☾ | coono | ŋooru | ñaw | ŋexal |
| ☼ | seexlu | geesu | aaŋu | waaje |
| ☺ | ñuulal | gaawtu | kawdiir | yëg |

★

| | | |
|---|---|---|
| i | kk | ikk |
| i | gg | igg |
| l | ugg | lugg |
| s | egg | segg |
| o | kk | okk |

▲

| | | |
|---|---|---|
| y | uk | yuk |
| ë | gg | ëgg |
| i | gg | igg |
| l | okk | lokk |
| d | ikk | dikk |

7

| | | |
|---|---|---|
| tek | ki | tekki |
| bëg | gal | bëggal |
| d | ugg | dugg |
| tuk | ki | tukki |
| dag | gat | daggat |
| yok | ku | yokku |
| rag | gu | raggu |
| sek | ki | sekki |

| | | | |
|---|---|---|---|
| takku | siggi | bakkan | tekki |
| raggu | coggu | feggu | sëggal |
| sikkal | ñakku | jukki | daggit |
| jokkoo | daggat | sekki | wokku |
| fëggal | jokku | dëggal | jikko |
| bukki | nokkas | sikket | teggi |
| joggi | taggal | bëggal | lakkal |
| wekki | yokku | tukki | toggal |

- Rakkam tekki na saaku bi.
- Suba teel lay dem tukki.
- Wax dëgg, bëgg naanu jokkoo.
- Omar dina raggu suba gu nekk.
- Seex takk na fasam tey jii.
- Alal ji mu am takku na kaar.
- Yoo yi ci dëkk bi lakkle nañu.
- Wekki póno oto moom dafa laaj doole.
- Jikko ju rafet baax na lool ci nit.
- Bu ñu gaañ mala yi, dañu am bakkan.

★ Garab fu mu nekk bare fa, taw du fa gëj. Ku bëgg a dagg sax genn garab, war naa am kayit. Soo daggee garab te amoo kayit, yoon war na laa teg daan bu kenn dul teggi.

▲ Sunu yaay yi nu bëgg ci sunu xol ñoo nu nekkal ci waañ wi. Seeni lakk ci togg gi jar na. Su dul woon ak ñoom kenn du lekk. Kon nanu leen di tagg fu nu tollu.

■ Suba gu jot, duggal ci sa wanag raggu ak saabu, boroos say bëñ. Soo ko dee def, sa moroom mu la gis bëgg a set ni yow. Ku set dëgg foo ko fekk dafay ree. Raggu daal dafa am solo ci yaram.

● Tey jii la sama rakk dugg lël. Ci biir garab yu bare lañu dëkk ak ñeneen, nekk fa ak rab yu doy waar. Seeni selbe dañuy togg ak a tëgg. Xam naa ni sama rakk su dikkee dina ni ñogg
gën a yaru.

# nn mm

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | sikk | sëggal | wokku | daggit |
| ▲ | toggal | jukki | dëgg | tekki |
| ■ | takku | siggi | ñakku | raggu |
| ● | jokkoo | nokkas | jokkoo | wokku |
| ♥ | joggi | taggal | sikkal | ñakku |
| ☾ | bukki | yokku | sikket | toggal |
| ☼ | ñakk | wekki | bëggal | bakku |
| ☺ | jukki | coggal | tukki | taggat |

★

| | | |
|---|---|---|
| o | nn | onn |
| b | en | ben |
| l | amm | lamm |
| e | m | em |
| u | nn | unn |

▲

| | | |
|---|---|---|
| c | in | cin |
| ë | mm | ëmm |
| u | m | um |
| g | ann | gann |
| k | on | kon |

| | | | |
|---|---|---|---|
| ★ | ton | ni | tonni |
| ▲ | dam | mu | dammu |
| ■ | jom | mi | jommi |
| ● | j | ëmm | jëmm |
| ♥ | lem | mi | lemmi |
| ☾ | jun | ni | junni |
| ☼ | d | amm | damm |
| ☺ | son | nal | sonnal |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | tonni | nenne | jommal | junni |
| ▲ | wonnal | jëmm | yenni | dammit |
| ■ | bennoo | nemm | summi | dënnu |
| ● | dammu | jinne | bënnal | jëmmal |
| ♥ | bënnu | bummi | dammel | sonnal |
| ☾ | lemmi | wommat | senn | fommal |
| ☼ | xomm | damm | jommi | lemmil |
| ☺ | gëmmal | gënn | fenn | lenn |

Gënn gi dugub la def.

Taw bi bari na dënnu.

Summi na simis bi mu soloon.

Suba lañuy jox nenne bi tur.

Lemmi na piis bu bees bi.

Xale, bu yaroo, am lu gën junni.

Yenni ma, siwo bi diis na gann.

Tonnil cere ji tuuru ci basaŋ gi.

Wommat na fas wi, jëm ca tool ba.

Yee naa ko ba sonn, mu ni nemm.

★ Xale bi dafa ni moroom mi, gëmmal ma nëbbu. Kooku gëmm, mu dem dugg ci suufu ron lalam. Moroom ma di ko seet, mu ni nemm fa mu nekk. Ci suufu lal ba, mu gis fa bool bu def beñe yu ni ñumm. Mu fab ci sex ni tekk.

△ Dama doon fo ak Kariim mu tulli bal bi, ma teg ko ci sama kow dënn. Kenn laalu ma, ma daanu ci suuf. Kariim ñëw taxaw di ma ree. Sama dënn di metti waaye man Sooda bënnuma sama bët di jooy.

■ Suba teel la sàmm bi di tuxal nag yu tuuti yi. Su defee loolu, mu teg ci wut meew ci nag yi jox waa këram. Bu waxtu sàmmi jotee, mu tànn wenn ci yoon yu bare yi ko wër, jiital ay nagam, dem.

● Lem, dañu koy wut ci paxi garab. Gunoor yi koy defar fa la ñuy dëkk. Am na ñuy wut lem di taal safara bëgg gunoor yi daw. Bu ñu dawee, ñu fab lem gi jaay.

# kk gg nn mm

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | tagg | fëkk | ëll | tonn |
| ▲ | xunn | wenn | duggu | sëkk |
| ■ | ragg | bann | ugg | gëmm |
| ● | nemm | kokk | fukk | ñumm |
| ♥ | rakkam | doole | xomm | bakkan. |
| ☾ | dëggu | yenni | jokkoo | toggi |
| ☼ | temm | sonn | xann | dëkk |
| ☺ | bennal | ogg | ñogg | daggat |

★

| | | |
|---|---|---|
| ë | nn | ënn |
| i | mm | imm |
| s | egg | segg |
| l | akk | lakk |
| d | ugg | dugg |

▲

| | | |
|---|---|---|
| e | kk | ekk |
| p | ëgg | pëgg |
| ñ | enn | ñenn |
| x | omm | xomm |
| r | imm | rimm |

# 9

| | | | |
|---|---|---|---|
| ★ | dik | kal | dikkal |
| ▲ | dag | goo | daggoo |
| ■ | lem | mi | lemmi |
| ● | yok | ku | yokku |
| ♥ | eg | gee | eggee |
| ☾ | ceg | git | ceggit |
| ☼ | sem | mal | semmal |
| ☺ | jog | gi | joggi |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | dammat | sikket | daggit | kennal |
| ▲ | tonni | dukkat | bukki | namme |
| ■ | nennal | siggi | gannuus | duggi |
| ● | tukkal | sikkim | seggu | jinne |
| ♥ | yagge | nuggal | riggal | bummi |
| ☾ | jommi | bekkit | jëmmal | woggi |
| ☼ | fukkeel | junni | nennu | fekke |
| ☺ | dekku | sikkal | ronni | benneel |

Li Ruggi Sekk wax dëgg la.

Sëgg siggi rekk sa ajoo faju.

Takkal benn sikket bi ba du ruur.

Teggil cin lenn li nu doon togge.

Rikk waay, bul ne nemm ci biir.

Kenn ku sonn am li mu bëgg.

Ku bëgg a tekki nag na saxoo liggeey.

Ñakku dina aar xale ba du feebar mukk.

Dëggit, tey mu neex ; amoo fenn foo jaar.

Dikk naa, jox ma ; fekkee ma ci boole.

★ Wenn yëkk a doon dox ba daje ak Segg. Segg ne ko dama la bëgg a takk ci ñax mi. Nag tiit, daw dugg genn kër.

▲ Waaye fa mu egg, fekk na fa Till ak Bukki. Mu yuuxu ne dikk leen sonn naa. Genn golo daldi tëgge, Bukki daggi yoon wa, Nag féex.

# ll bb

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | bummi | nokkas | dammu | yenni |
| ▲ | siggi | xomm | lenn | fëgg |
| ■ | damm | yenni | summi | junni |
| ● | coggu | nokkos | sikkim | sikket |
| ♥ | sonnal | teggi | dammit | lakkle |
| ☾ | ñukk | senn | wekki | pakk |
| ☼ | senn | bukki | dënnu | nemm |
| ☺ | jommi | yokku | dugg | beggal |

★

| | | |
|---|---|---|
| o | ll | oll |
| u | l | ul |
| t | ibb | tibb |
| j | ab | jab |
| ë | ll | ëll |

▲

| | | |
|---|---|---|
| l | al | lal |
| e | bb | ebb |
| u | b | ub |
| m | ëll | mëll |
| o | l | ol |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | xol | li | | xolli |
| ▲ | jeb | bi | | jebbi |
| ■ | jul | li | | julli |
| ● | rëb | bi | | rëbbi |
| ♥ | xel | li | | xelli |
| ☾ | ñib | bi | | ñibbi |
| ☼ | gob | bi | lu | gobbilu |
| ☺ | nëb | ba | tu | nëbbatu |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | dëbb | dellu | nëbbu | dëbbal |
| ▲ | nëbbal | till | yebbi | tollule |
| ■ | tibbal | ñebbe | yelloo | julli |
| ● | felli | xelli | dolliku | ëllëg |
| ♥ | ñibbi | jubb | illeer | wallu |
| ☾ | sulli | dallu | këll | jolli |
| ☼ | dolli | lelli | rëbbi | nëbb |
| ☺ | yulli | rëbb | xollit | ubbi |

- Ku dox ba sonn dafay dallu.
- Jëlal ileer bi dem tool.
- Xelli naa ci meew mi naan.
- Dëbbal poobar bi te boole ci kaani.
- Dellul kër ga balaa muy taw.
- Nëbbal naa ko bagaas yi sunu kër.
- Dugub ji jebbi na ci tool yi.
- Tibbal ñaari kilo ceeb jox ko Daba.
- Dafa demoon rëbbi waaye loxoy kese la dikke.
- Jox ma caabi ji ma ubbi waliis wi.

★ Ëllëg la ekool di ubbi.
At mii Ummi ak Aali «CP» lañu tollu.
Muse Silla moo leen di yoraat.

▲ Tey ci suba, ñaari «CP» yi ñoo doon futbal.
Musaa dafa dëgg bal bi ak fulla, daldi ko tulli, mu dugg.
Ñu yuuxu, futbal bi jeex, ñu tas dem ñibbi.

■ Dibeer jii dinanu setal ekool bi.
Rubba moo koy jiite. Ñii dinañu bale tilim ji, ñee dinañu ko jal, ñeneen ñi tonni ko dem tuuri. Ekool bi dina set waaye dinanu sonn.

● Ëllëg lanuy seet ku raw ci xayma ci sunu kalaas.
Ñu bari foog nañu ni Tulli lay doon.
Daaw moom la woon waaye ren jii Ibba taxaw na temm bëgg koo wuutu.

# à ó é

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | folli | jubb | wallu | nëbb |
| ▲ | jubb | dellu | yebbi | dallu |
| ■ | till | rëbbi | lelli | ñibbi |
| ● | jolli | cabb | jebbi | xolli |
| ♥ | ñebbe | diggi | eggale | dikke |
| ☾ | fellit | sonnati | simmi | walli |
| ☼ | nennu | ëllëg | dukkat | nebbon |
| ☺ | feggu | ximmali | fulli | ommat |

★

| | | |
|---|---|---|
| à | ll | àll |
| b | é | bé |
| m | ól | mól |
| à | mm | àmm |
| f | égg | fégg |

▲

| | | |
|---|---|---|
| g | ób | gób |
| à | kk | àkk |
| é | n | én |
| ó | nn | ónn |
| à | bb | àbb |

## 11

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | à | ll | | àll |
| ▲ | bó | li | | bóli |
| ■ | ràk | kal | | ràkkal |
| ● | s | ómm | | sómm |
| ♥ | sàl | li | | sàlli |
| ☾ | kó | ti | se | kótise |
| ☼ | fél | la | ti | féllati |
| ☺ | tàg | ga | tu | tàggatu |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | tàlli | jéllu | kéwel | bóli |
| ▲ | sàlli | màrto | bégal | fàggu |
| ■ | Jóg | jóge | tàbbi | jéri |
| ● | tàggu | kàrce | kóbo | dékku |
| ♥ | yàbbi | ràkkal | bàkku | àbb |
| ☾ | wékku | pótit | jàkka | xàmme |
| ☼ | déwen | sàkki | jéggi | làkk |
| ☺ | póliis | génne | yàgg | wàlle |

Kéwel a mën a daw.

Payis feebar la buy wàlle.

Seex wutil na xar mi ràkkal.

Tali bu bees bi tàlli na.

Kura dem na tuuri pótit mi.

Gan gi tàggoo na soog a ñibbi.

Suba teel la Nàlla jóg xelli kafe.

Déwen la sama maam di dem Sàkkal.

Bàlla jël na màrto bi daaj taabal ji.

Kaani gi moo tax Xadi yàbbi tib bi.

★ Béy ak Bukki ñooy bëre tey. Ku nekk di bàkku di wax ni moo fi mën.
Ñey arbit bi tàllal loxoom.
Bukki siiñ ko sell yi, Béy tiit daldi ñàlli.

▲ Danoo demoon pàrku Aan. Bérab ba àll bu yaatu la, am ay rab yu nekk ci ay kaaf. Séllu taxaw di xool ag segg, segg gi jóg wutsi ko. Noona, Séllu defe ni segg gi dafay génn, mu daldi xélu.

■ Safi Sàll gone gu yaru la. Gan gu dem seen kër mu jóg nuyu ko jox ko mu naan. Su mag di wax ak moom, du ko ni jàkk, waaye dafay sëgg di ko déglu. Ku bari kersa la, moone taxul mu ñàkk fulla.

● Toolu Baay Jibi sori na waaye am na xaal yu neex.
Ku fay dem ci àll bi lay jaar te war a moytu dég yi.
Dina dégg ceku yuy sab ci kow garab yi.
Su doxee tuuti, yegg ca tool ba, gis xaal yu rëy.

# ll bb à ó é

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | kóll | àll | càmm | kóbb |
| ▲ | ñàbb | dóbb | téll | gàll |
| ■ | kéll | xàll | jàll | génn |
| ● | ŋóbb | wàll | óll | yàgg |
| ♥ | né | cébb | péll | sóbb |
| ☾ | ràbb | sàkk | tolloo | àbbati |
| ☼ | fànn | xóll | àddu | bég |
| ☺ | àddina | bélli | jéllu | xolli |

★

| | | |
|---|---|---|
| d | àll | dàll |
| s | ébb | sébb |
| x | óll | xóll |
| ŋ | àbb | ŋàbb |
| j | ébb | jébb |

▲

| | | |
|---|---|---|
| t | óll | tóll |
| k | àll | màll |
| j | éll | jéll |
| x | ëbb | xëbb |
| w | óbb | wóbb |

# 12

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| fël | le | fëlle | yób | bal | yóbbal |
| pól | lu | póllu | fàn | noo | fànnoo |
| séb | bi | sébbi | yàb | bit | yàbbit |
| ñeb | be | ñebbe | xàd | di | xàddi |
| wék | ki | wékki | jél | lin | jéllin |
| xàm | me | xàmme | ól | lay | óllay |
| tàg | gu | tàggu | wà | qi | wàqi |
| wé | qu | wéqu | làl | li | làlli |

| | | | |
|---|---|---|---|
| dëlle | belli | sémmiñ | sàlli |
| fànnoo | àbbe | jolli | jàggi |
| gémmiñ | dëbbin | génne | sébbi |
| sëllëx | ŋàbbe | tólle | sàlloo |
| tàbbee | rubba | màggal | déggin |
| féqu | fàbbi | sànnee | ŋàlli |
| ràllit | déggoo | déggal | tànneef |
| wàlle | fàqat | xàbboon | gëmmaat |

Sànnil sekkit wee ci póllu bi.

Tëgg bi nàmm na sàllu sémmiñ.

Jëlal ràbb bënn këll bi, ñaw ko.

Dafa sob rekk, dugg na ni Rubba.

Tànnal robb bu rafet ba jéggi dayo.

Sélli wut na paas ak yóbbal, àbb dàll.

Bët sébbi na, àll tooy, sëb dina dëll.

Su nee ràllit, foo tollu dégg làmmiñ wi.

Làbbaa yónni sàmm bi Dólli, ca nag ya.

Silla tàbbal na póli bi ci teen bi.

★ Danu dugg ci gaal doon tukki, man ak sama maam. Nu jéggi dex gu mag gi, jëm ca wàllaa. Ba nu eggee, nuyoo, tàbbi ci ab néeg di dallu.

▲ Nees tuut, coow la jolli, fekk sët yaa nammoon maam.
Mu yónnee beñe, daggat ko, jox kenn ku nekk. Gone ya bég, di tëgg, di reetaan.

# dd pp

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | póliis | bégal | xàmme | déwen |
| ▲ | yàbbi | coll | dàll | tàbbi |
| ■ | génne | jàkka | kéwel | bóli |
| ● | wann | gémmeñ | tànnit | ñibbi |
| ♥ | ball | jóge | ràll | éggi |
| ☾ | màbb | bów | yóbbu | gàbb |
| ☼ | màrto | sàlli | jéem | xunn |
| ☺ | dëbb | tàggu | jommi | kóbo |

★

| | | |
|---|---|---|
| u | dd | udd |
| d | al | dal |
| l | égg | légg |
| w | inn | winn |
| ë | dd | ëdd |

▲

| | | |
|---|---|---|
| f | od | fod |
| t | oll | toll |
| x | et | xet |
| m | àdd | màdd |
| d | em | dem |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | xàd | di | | xàddi |
| ▲ | wed | di | | weddi |
| ■ | nop | pi | | noppi |
| ● | bud | di | | buddi |
| ♥ | gud | di | | guddi |
| ☾ | sep | pi | | seppi |
| ☀ | séd | da | le | séddale |
| ☺ | top | pa | le | toppale |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | àdduna | nappi | xàddi | biddiw |
| ▲ | noppi | toppi | juddu | fuddën |
| ■ | kàddu | séddale | àppal | buddi |
| ● | soppi | fuddu | kuddu | jàddal |
| ♥ | ràppal | koppar | beddi | fippu |
| ☾ | keppu | seppi | kóppin | teppi |
| ☀ | guddi | noppal | waddal | pàppa |
| ☺ | sàppi | weddi | gàddu | ñoddi |

- Xadi yeewu na di fuddu.
- Sooda waddal na kuddu gi.
- Usmaan dem na nappi ba ñëw.
- Teel a tëdd moo ko noppal.
- Yaayam fuddën na ay loxoom
- Juma seppi na jën yi ba noppi.
- Koppar yu bari la kóppin di jar.
- Liir bi juddu keroog lañuy tudd tey.
- Dem na ba sori, dëpp di seet kalpeem bi wadd.
- Bul topp sa mer, bul xàddi, muñal rekk.

★ Tëdd ci lal di xaar lekk fekk la fa jagul.
Ku bëggul sonn, tedd di na la jafe.
Xanaa gisoo jigeen ñii di xëy ci sedd bi,
wuti màdd di ko jaay.

△ Kàdd garab la gu ñépp xam ca Kajoor.
Nawet kese la ay xobam di wadd.
Kàdd dina yokk dooley suuf.
Ku bey dugub ak ñebbe ci këram lépp
dina sakkan.

■ Xale bi dafa xëy xippi, xool gis mu leer,
mu jóg toog ci kaw lalam jàpp bopp bi.
Xam na ni xëdd weesu na te biir bi
dara nekku ci. Bool bi tege ci wetam,
pooji ginaar yu saf sàpp a ci nekk.
Tey de xolam seddul.

● Sunu waa kalaas ñépp a dugg kaar dem
jëli gaal ga jëm Gore.
Kaso yu tuuti ya ñu daan tëj ràpp ña
ñu daan jàpp jooyloo nañu ma.
La ca gënoon a tiis mooy gëdd ya ak
tilim ja ñu daan tëdd.

# tt cc

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | kuddu | weddi | gàddu | sàppi |
| ▲ | nappi | fuddu | seppi | fuddën |
| ■ | ràppal | jàddal | rëddal | keppu |
| ● | toppi | juddu | juddu | noppi |
| ♥ | seddal | àppal | guddi | buddi |
| ☾ | xippi | kuddu | àdduna | teppi |
| ☼ | koppar | beddi | waddal | pàppa |
| ☺ | fuddën | toppal | àbbloo | ñoddi |

★

| | | |
|---|---|---|
| à | tt | àtt |
| l | ett | let |
| g | occ | gocc |
| u | c | uc |
| ó | tt | ótt |

▲

| | | |
|---|---|---|
| x | ëtt | xëtt |
| é | cc | écc |
| ee | c | eec |
| b | ëtt | bëtt |
| f | itt | fitt |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | rit | tax | | rittax |
| ▲ | nat | tal | | nattal |
| ■ | lét | ti | | létti |
| ● | ràc | cal | | ràccal |
| ♥ | tàc | cu | | tàccu |
| ☾ | noc | ci | | nocci |
| ☼ | roc | ci | ku | rocciku |
| ☺ | fàt | ta | li | fàttali |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | rittax | botti | wattu | bucci |
| ▲ | soccu | futtal | facc | muttal |
| ■ | bàccal | tàccu | futtiku | metti |
| ● | feccal | fette | nattal | màttal |
| ♥ | létti | woccu | paccal | roccil |
| ☾ | fittax | gattax | rattal | gàttal |
| ☼ | sottal | ràccal | fàttali | fattu |
| ☺ | nocci | fattal | wàccal | maccal |

Eleen dem na létti Nafi Ba.

Sama rakk ji leegi la fattu.

Su gerte ñoree dañu koy wattu.

Ku bëre ak Siidi dina la botti.

Sàmm bi ratt na nag wi ba noppi.

Laalo ji, ci cere ji dafa rittax lool.

Sama rakk dafa feebar leegi la doon woccu.

Tey ci dibeer ji dinaa bàccal Kura ay laltaay.

Dafa tibb ci laax bi loxoom lakk ba futt.

Sira dafa gàttal ay waxam ma gis ni mer na.

★ Soo demee ca àll ba, ay gétti nag ñoo fa nekk. Mën nañu faa gis Kuus, di nit ku gàtt, di dëppoo këll. Soo ko, bettee, tàccu ko dina tiit daw wacc këll bi. Soo foree këll bi am alal ju bari.

▲ Ma lim ñetti cér ci garab : reen yi, dàtt bi ak car yi. Ci reen yi la lekku garab gi di jóge, jaar ci dàtt bi, dem ba ca xob ya. Garab am na njariñ. Kon nanu ko sàmm ba mu mucc ci lu koy yàq.

■ Bukki natt na dooleem, bëgg a bëre ak Ñey. Dina am ku ci am gàcce. Ku daan ñépp a koy tàccu, mu soccu, wone ay bëñam bàkku. Su ñibbee, ñu toggal ko laax ràccal ko mu lekk ba suur.

● Danuy feccal sunu maam su nu bëggee mu defal nu ay maye. Biig danoo wax ba Bukki sàccee xaali Lëg. Ba ko rab yi jàppee, dañoo létt kawari boppam, takk ko ci kow garab. Sunu maam ni nu lii mooy wone ni sàcc baaxul.

# dd pp tt cc

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | rittax | weddi | sottal | nocci |
| ▲ | soccu | fuddu | xucc | betti |
| ■ | xàll | jàll | jàddal | tàppal |
| ● | kott | soppali | juddu | bàccal |
| ♥ | létti | dóbb | téll | feccal |
| ☾ | fettax | fecci | napp | siddit |
| ☼ | tappale | wàll | óll | àppat |
| ☺ | fàccee | sippax | bett | soccet |

★

| | | |
|---|---|---|
| m | àdd | màdd |
| s | occ | socc |
| x | épp | xépp |
| b | ett | bett |
| x | ótt | xótt |

▲

| | | |
|---|---|---|
| x | ott | xott |
| j | épp | jépp |
| t | àpp | tàpp |
| s | ecc | secc |
| w | odd | wodd |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | fàt | te | fàtte | xàd | di | xàddi |
| ▲ | sëp | pu | sëppu | rop | pi | roppi |
| ■ | réc | cu | réccu | àd | du | àddu |
| ● | sot | ti | sotti | àt | te | àtte |
| ♥ | noc | ci | nocci | boc | ci | bocci |
| ☾ | it | te | itte | gàd | du | gàddu |
| ☼ | tep | pi | teppi | séd | doo | séddoo |
| ☺ | tëd | di | tëddi | up | pu | uppu |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | putte | ceddo | tàllit | guddi |
| ▲ | wetti | waccu | sippi | rëccaat |
| ■ | soppi | rocci | beppi | detteel |
| ● | gàddaam | nappi | xuppe | xeppi |
| ♥ | botti | woddu | bette | weccet |
| ☾ | màtte | ficci | toppe | kàccoor |
| ☼ | waddin | jàppoo | siddi | koppar |
| ☺ | soccet | xiddi | kàccit | kàttan |

★ Ràccal laax bi ba mu sedd.

▲ Wàccal ma may la yàppu kóppin.

■ Picc ma doon jooy kañ la noppi ?

● Takk na saaku pepp bi, ba fàccul.

♥ Wecc ma koppar yi ma Décce sédd.

Guddi dafa jot, am muus di yoppu jinax yi.

Nanu jàpp nag wu gàtt wee, ratt ko.

Supp bi saf na sàpp, wex xàtt kaani.

Rama raxas na bool yi soog a seppi jën yi.

Omar Ba wacc na téere bi seen kër.

★ Tey, Meer dafa topp di wër gox bi. Egsi na, wàcc dox, nun ñepp nu génn di ko tàccu. Mu jox sunu muse mi ñu tànnoon raaya.

▲ Digal nanu nu jàppoo, bokk lepp, raw ci natt yi. Jàpp nanu wax ji, dunu ko fàtte, nooy roppi ñépp.
Te kon dunu rus ba ni tott, ne yàcc. Leegi nag, sunu wàccee, guddi gu jot nu nafar.

■ Xale yépp farlu nañu ci def li ñu leen digal. Ken ku nekk wacc luy po, di yër say lesoŋ.Gépp gone gu ci saxoon dafa mujj am lijaasa. Waajur yi bég, toggal leen ñam yu ne gadd.

● Maam Daam wax na ne : Bu wenn fepp ceeb wadd. Aw ñam kenn du ko sàggane di ko tuur. Ku dëkke lekk di ko waddal, dina ko reccu bés.

# óo ée ëe

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | bàccal | rittax | paccal | rocci |
| ▲ | woccu | fàtte | réccu | fattu |
| ■ | nattu | sëllëx | ŋàbbe | metti |
| ● | nappi | fuddu | seppi | sotti |
| ♥ | gàttal | gàddu | xàbboon | létt |
| ☾ | feccal | weddi | xótte | tàccu |
| ☼ | jàkkeer | kéwel | bóli | màrto |
| ☺ | waddal | jàggi | sàppi | ràppal |

★

| | | |
|---|---|---|
| óo | n | óon |
| s | éen | séen |
| ëe | w | ëew |
| j | óo | jóo |
| ée | g | éeg |

▲

| | | |
|---|---|---|
| c | ëe | cëe |
| d | óor | dóor |
| ée | m | éem |
| ëe | y | ëey |
| óo | b | óob |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | kóo | ni | | kóoni |
| ▲ | tée | re | | téere |
| ■ | bëe | ram | | bëeram |
| ● | góo | lu | | góolu |
| ♥ | gée | wal | | géewal |
| ☾ | sóo | ru | | sóoru |
| ☼ | dë | fee | nu | dëfeenu |
| ☺ | dóo | ra | ti | dóorati |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | réeral | fóotal | déem | sóobu |
| ▲ | yéemu | téere | géewal | óomam |
| ■ | déeg | góom | téeñ | céeli |
| ● | jóoru | léebu | lóoral | dóom |
| ♥ | léej | wóolu | léemu | géej |
| ☾ | bóoli | jéem | dóore | góolu |
| ☼ | yéene | bëeram | téenal | wéeru |
| ☺ | kóoni | móolu | wéetaay | sóoru |

★ Bóoli bi fees na dell ak beñe.

▲ Deel yéene sa moroom lu baax.

■ Wéet baax na ci kuy nafar.

● Musaa wuti na kóoni ca àll ba.

♥ Xale bu yaru du dóore du saaga.

☾ Wóolu la moo tax ma wax la ko.

☼ Ñeex mi doy na bul lóoral cere ji.

☺ Góora, caatum Abi mi, dafa léej ba jaaxal ñépp.

Ku wéeru ci sa maam muy léeb, sooy nelaw doo ko yëg.

Góom bi Móodu am ci óom suba gu jot dafa koy faj.

★ Jigeen a yor kër, soo ko seetloo bu baax. Suba teel, mu ni ñokket, jël paanam ak téeñam dem rooti. Su fa jógee taxani, ñëw taal togg añ. Jigeen ñi sonn nañu, kon góor ñi war nañu leen a taxawu.

▲ Bëre dóor lu metti la. Ñiy bëre, su ñu demee tuuti, kenn yóbbu sa moroom ardo. Su doon sama sago, bëre dóor du am.

■ Góor ak jigeen dañuy lekk ceebu jën. Ceeb bi ñu sóor leegi mu ñor. Bu ñu ko yakkee, ma dóor ci ba suur.

● Su tawee, suufu ban bi dafay lóor. Oto bu ci jaar dinañu la puus. Yow miy dawal jéemal a moytu loolu. Jël yoon wu wóor daal moo gën ci nawet.

| | | | |
|---|---|---|---|
| bóoli | léej | óomam | kóoni |
| réeral | sóobu | céeli | géej |
| jóoru | yéemu | bëer | sóoru |
| dóom | góolu | léebu | lóoral |
| géej | yéene | wóolu | léemu |
| létt | dóom | ŋàdd | xotti |
| tàccu | fàtte | réccu | fattu |
| coppati | feccal | gàttal | metti |

| | | | |
|---|---|---|---|
| ★ | gal | gal | gal-gal |
| ▲ | teŋ | teŋ | teŋ-teŋ |
| ■ | tex | tex | tex-tex |
| ● | tés | tés | tës-tës |
| ♥ | xam | xam | xam-xam |
| ☾ | loŋ | loŋ | loŋ-loŋ |
| ☀ | rëq | rëq | rëq-rëq |
| ☺ | kër | kër | kër-kër |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | gal-gal | rëq-rëq | kër-kër | raŋ-raŋ |
| ▲ | teŋ-teŋ | gis-gis | toŋ-toŋ | këŋ-këŋ |
| ■ | xam-xam | rag-tag | kur-kur | pët-pët |
| ● | lam-lam | loŋ-loŋ | wis-wis | way-jur |
| ♥ | tex-tex | mën-mën | kot-kot | pat-pat |
| ☾ | tés-tés | jam-jam | tem-tem | pël-pël |
| ☀ | tis-tis | for-bët | xew-xew | dër-dër |
| ☺ | tëf-tëf | pët-pët | kur-kur | bër-bër |

- Xale bu baax dayfay yaru ci way-juram.
- Yoonu raŋ-raŋ metti na ci tukki.
- Waa ji dafa koo gal-gal daaneel ko.
- Toŋ-toŋu daaw ba amoon na solu lool.
- Badara  dafa am ay jam-jam ci loxo bi.
- Tés-tési jigeen ñi ci céet gi mujj na metti.
- Sama pàppa yeew na xaru pël-pël ci tabaski gi.
- Sa kur-kur ji bare na  mel ni jinax ci paxam.
- Sàcc bi tiit na di pat-pati bi mu gisee alkaati bi.
- Tis-tis yi tilimal nañu sama yére yu weex yi te rafet.

★ Ami woll na dugub ji, mooñ, ko, tay defar cere. Bi mu noppee mu ràcc cere ji ci kow basaŋ gi. Tëcc na yàpp wi toj na yax yi togg soos. Ngoon dinanu reere cerey yàpp ju neex.

▲ Dàtt nanu boppu Ami ba mu rafet. Nattal nanu ko juróom meetaru piis. Def na ñaari at tukkiwul. Wut na yóbbalu boŋ-boŋ ak suusal. Dina teel a xëy, tegu ci yoon wi.

■ Tey lanuy set-setal sunu ekool. Muse nee na nu buddi ñax mi sax fépp ci ëtt bi. Ku ci gën a sawar dina am neexal.

● Seku mi jaaxal na ñépp. Dafay ubbi téere di nafar. Dibeer ju jot, dafay jàppale Koddu ci póot mi. Moo tax ku ko sóoru xuloo ak xaritam Lóota.

# óo ée ëe -

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | gal-gal | wonnal | rëq-rëq | sëkk |
| ▲ | bàkku | móolu | gis-gis | felli |
| ■ | ŋëbal | wiiri | daggat | sakku |
| ● | toqu | waaso | ñibbi | jommal |
| ♥ | ŋàbb | jukki | teŋ-teŋ | àbb |
| ☾ | jokku | dëggal | yóbbaale | bennoo |
| ☼ | wenn | ogg | tex-tex | rag-tag |
| ☺ | daggoo | weddi | lam-lam | loŋ-loŋ |

★

| | | |
|---|---|---|
| t | óo | tóo |
| w | ëe | wëe |
| j | éex | jéex |
| óo | m | óom |
| ëe | x | ëex |

▲

| | | |
|---|---|---|
| p | ée | pée |
| g | óob | góob |
| s | ëer | sëer |
| ée | l | éel |
| óo | t | óot |

# 18

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | raŋ | raŋ | | raŋ-raŋ |
| ▲ | bëe | re | | bëere |
| ■ | xew | xew | | xew -xew |
| ● | wée | re | | wéere |
| ♥ | takk | takk | | takk-takk |
| ☾ | tem | tem | | tem-tem |
| ☼ | jée | ma | ti | jéemati |
| ☺ | dóo | baa | li | dóobaali |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | réeral | tóoju | bóoli | wej-wej |
| ▲ | pat-pati | sóobu | téenal | ñaaw-neex |
| ■ | tóokër | móolu | géer | saab-saab |
| ● | ràll-ràll | réeral | bëeram | lakk-lakk |
| ♥ | wéetaay | bëer | fóoxal | kot-kot |
| ☾ | kot-kot | ñóoxu | bóof | taw-féex |
| ☼ | féete | déem | jéex | tem-temi |
| ☺ | neb-neb | sóoru | fet-fet | mën-mën |

Sa gis-gis sore na lool.

Sedd na ba Mataar di kot-koti.

Sama rakk ree na bay kex-kexi.

Boo amee xam-xam yeewu ci àdduna.

Ut naa teŋ-teŋ ca màrse ba.

Gone yi dem nañu ca déeg ba nappi jën.

Ku mënul a féey warul a sóobu ci biir géej.

Sa téere bi dafa seer de, kon sàmm ko bu baax.

Bul dugal sa loxo ci dóom bi mën na laa lakk.

Réeral na xaalis bi, looloo tax mu di ko jéex.

★ Nawet bi àgg na.
Bey nanu ba noppi.
Sama yaay toolam bari na gerte.

△ Suba teel lanu dem ca seko ba. Ba nu àggee, ñu peese gerte gi.
Ci saa si, ñu jox sama yaay xaalis bu takku. Ci la ma xottil waks bu bees, jox ko tajoor bi.

■ Bi mu amee ñaari fan, nu jaaraat palaasu Sow. Gis naa mu wékk ay ñaw yu taaru. Sama yaay mottali ko desitu xaalis bi, mu daldi may jox sama robb.

● Bi bésu kermees bi ñëwee, robb bi laa sol.
Ñii di ma wax sañse bi rafet na.
Ñeneen ñi di ma wax lalal naa la.

# mb mp nd nj

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | xam-xam | xew-xew | bóof | kër-kër |
| ▲ | géey | kàttan | raŋ-raŋ | toŋ-toŋ |
| ■ | xeppi | loŋ-loŋ | tës-tës | pët-pët |
| ● | natt | bëer | tàllit | ficci |
| ♥ | jóox | léebu | ñóox | kóom |
| ☾ | gal-gal | teŋ-teŋ | céet | bette |
| ☼ | sëer | koppar | jam-jam | wis-wis |
| ☺ | këer | mën-mën | màtte | kóppin. |

★

| | | |
|---|---|---|
| mb | e | mbe |
| é | nj | énj |
| à | mp | amp |
| i | mb | àmb |
| nd | o | ndo |

▲

| | | |
|---|---|---|
| nj | óo | njóo |
| mb | ë | mbë |
| ó | mb | ómb |
| i | mp | imp |
| a | nd | and |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | mba | xal | | mbaxal |
| ▲ | nda | je | | ndaje |
| ■ | sem | pi | | sempi |
| ● | njàm | pe | | njàmpe |
| ♥ | mba | na | | mbana |
| ☾ | njà | qa | re | njàqare |
| ☼ | nja | ma | la | njamala |
| ☺ | xu | mbu | te | xumbute |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | pompe | ndaje | xumb | fompal |
| ▲ | nàmpal | simb | njugub | njàmbal |
| ■ | mbaxal | njuumte | sempi | làmb |
| ● | ndox | waxande | yendu | mbote |
| ♥ | njaxas | njàmpe | mbalit | njariñ |
| ☾ | ndóbin | junj | làmp | sómbi |
| ☼ | mbana | jàmbaar | sump | sompaat |
| ☺ | njamala | ndogu | njëmbët | lëndëm |

Taalal làmp bi dafa lëndëm kurus.

Ndox mu sell mooy indi wér.

Ndaje mi amoon kër Njaase xumb na.

Fompal bu baax siis bi dafa tilim.

Kumba togg na sómbi def ci meew ak soow piir.

Tey danuy woote simb, xumbal bu baax sunu gox bi.

Jàmbaar ca waar wa xam na njariñu jëmbët salaat ak kaani.

Feebaru njàmbal raaful de, ba leegi am na xale yu mu dal.

Li mbër yi fecc ci làmb ji du yaaba de, gumbe lay niru.

Doktoor nee na nàmpal sa doom ñaari at yu mat sëkk mooy li gën.

★ Tey sunu ekool dafay set-setal, an mbalit mépp. Indi nanu pomp ngir dàq yoo yi. Fépp fu am lënd dinanu ko dindi. Kenn toogul, ñii ngi fomp, ñee di bale.

▲ Làmb, a powu cosaan la. Dina xumbal gox, wone la amoon démb. Xale yi dañu fay jele njarin. Muy lu nu war a dekkal. Mbër mu samp ndënd sa moroom sempi.

■ Ndogu li neex na ci kër maam Njéeme. Togg na def ci mbana, séddale boole ci ndox mu sedd. Ku nekk lekk ba suur, naan ba màndi, ñaanal ko mu dund lu yàgg. Ndaje moomu at ba at la koy def.

● Jëmbat garab am na njariñ. Ku romb mën a cee féexlu. Jur gi fa la ñuy nekk suba ak ngoon. Ku xiif mën cee witt lekk ba suur, muy sump, muy dànq walla muy dittax.

# ng nk nc nt nq

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | ndaje | raŋ-raŋ | fompal | njaxas |
| ▲ | mën-mën | njàmpe | mbaxal | toŋ-toŋ |
| ■ | pët-pët | mbote | tés-tés | mbana |
| ● | for-bët | mbool | njugub | ndogu |
| ♥ | jam-jam | nàmpal | sempi | mburu |
| ☾ | lëndëm | indaale | yendu | njàmpe |
| ☼ | domp | junjuŋ | xumbute | ndambe |
| ☺ | sompaat | njariñ | ndolent | ndimbal |

★

| | | |
|---|---|---|
| ng | a | nga |
| o | nq | onq |
| à | nk | ànk |
| ë | nt | ënt |
| ng | i | ngi |

▲

| | | |
|---|---|---|
| ó | nt | ónt |
| é | nk | énk |
| ë | nc | ënc |
| i | nq | inq |
| e | ng | eng |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | nge | law | | ngelaw |
| ▲ | màn | koo | | mànkoo |
| ■ | con | co | | conco |
| ● | ngén | te | | ngénte |
| ♥ | tan | qal | | tanqal |
| ☾ | sàn | ke | | sànke |
| ☼ | xa | la | ngu | xalangu |
| ☺ | sàn | ku | te | cànkute |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | sangu | màngo | jàng | banku |
| ▲ | ngelaw | bunt | ŋankal | gàncax |
| ■ | tusngal | tàngoor | lanc | jàngoro |
| ● | denc | conco | yëngal | tënk |
| ♥ | njaxas | ngénte | yànq | njariñ |
| ☾ | song | tàngal | tanqal | lingeer |
| ☼ | mànkoo | lëng | sànke | tànta |
| ☺ | wànq | ngoon | tànk | bànqaas |

- Tàngoor wi mooy ñoral màngo yi.
- Wax ma lu wànq di dox noor.
- Dafa ko song yëngal ko mu banku.
- Ci tàngoor wii, jarul ngay tàngal ndox booy sangu.
- Ngelaw lee daaneel banti garabu mbànte yi.
- Dinaa tënk wax ji ci sama làmmiñ.
- Bu sa bëñ yanqee demal gaaw kër doktoor.
- Jarul a denc, joxal xale yi lëng, tàngal ak dànq ñu lekk.
- Jànq bu pànk la waaye ñëme na song liggeey te mën na jàng.
- Waa dëkk bi mànkoo nañu jàppale ko ci ngénte li moo tax jooyul dara.

★ Ngóone dem na kër doktoor, ñu dindil ko bëñ biy metti. Bëñ bi yanqul, dafa bënn. Doktoor bindal na ko garab yi mu war a jël.

▲ Su ginaar yi màggee, direktëer dafay wax ñu jaay leen. Xaalis bi lanuy defare bunt yi dàjjiku. Dinanu ci fey itam kiy roñ mbalit mi.

■ Baay Demba  ruuj na toolam moo tax gàncax gi rafet. Xaalis bi mu dencoon bànk la jënde tool. sànkul alalam. Mbootaay gi mu bokk am na bànqaas ci gox bi muy jiite. ku mën a taxawu njaboot la. Looloo tax Yaay Binta gërëm ko, ñaanal ko.

● Mbote mi ci kër gi dayay fo ak xale yi saa su nekk. Fànta mi koy yar lu mu denc jende na ko meew def ci sankal di ko nàmpal. Su maree mu tanqal ko ndox mu naan. Ngoon gu jot mu ànd ak moom te du ko takk.

# mb mp nd nj ng nk nc nt nq

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | mboq | làmp | mbaq | ndaje |
| ▲ | domp | njar | samp | ndombo |
| ■ | jànj | sumb | ndëraan | njàng |
| ● | tënk | tàngoor | lanc | jàngoro |
| ♥ | sump | ngonk | mànkoo | njàmbur |
| ☾ | dàmba | ngénte | yànq | gàncax |
| ☼ | tanc | tàngal | sancaan | njariñ |
| ☺ | conco | yëngal | tanqal | lingeer |

★

| | | |
|---|---|---|
| mb | ó | mbó |
| ng | u | ngu |
| à | nt | ànt |
| a | nc | anc |
| nj | é | njé |

▲

| | | |
|---|---|---|
| à | mp | amp |
| o | nq | onq |
| é | nd | end |
| i | ng | ing |
| mb | a | mba |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | mbàt | tu | | mbàttu |
| ▲ | sam | pal | | sampal |
| ■ | lan | cal | | lancal |
| ● | mbot | ti | | mbotti |
| ♥ | mbëk | kal | | mbëkkal |
| ☾ | tan | qa | ti | tanqati |
| ☼ | nda | ja | le | ndajale |
| ☺ | ro | mba | ti | rombati |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | lancal | dëngal | gental | sempil |
| ▲ | ngistal | pàntal | rombal | ndaje |
| ■ | mbana | mburu | sàntaŋ | xontal |
| ● | compal | simpi | nguri | làngal |
| ♥ | mbëkkal | mbàttu | sampal | lumpal |
| ☾ | lumpal | santal | gàntu | sancati |
| ☼ | mbotti | randale | bindal | xandal |
| ☺ | ngara | indil | lunkal | bankal |

- Gaalu Ngaala teer na ci tefes gi.
- Bu randoo rekk ñu teg fi dara.
- Anta gontali na Musaa ci wittum ñebbe mi.
- Toggkat yi teg nañu mbana yu rëy.
- Astu lonkoo na saagam waaxu dem jàngi.
- Xale yi muy àndal ñoo ko mag fuuf.
- Suba gu jot ma lekk mburu mu tàng.
- Dafa am nguri lu nekk ci sama néeg.
- Abdu dëngal na barigo bi di tanq ndox mi.
- Jigeen ji ñuy ngéntee ngi toog di nàmpal doomam.

★ Am na yeneen ñetti boroom kër yu dem dëkki feneen. Bi waxtaan wi jeexee, ñu gis ni ñàkk ndox moo waral ñooñu dem. Mbooloo woote ndaje di seet liy gental dëkk bi.

▲ Nàmpal doom ak ween dafa baax ci wér-gi-yaramam. Xale bu ñuy jox ween saa yu xiifee màggam dina gaaw. Meewu yaay jàmm la koy indil di ko may doole.

■ Ku dem ci dëkku sàmm dinañu la njaral. Soow mi lañuy dolli ndox boole ci suukër. Nga jël mbàttu naan mu neex lool. Booleel cerey mboq ak soow mu ñu suukër, dara dàqu ko.

● Jigeen ñi su ñu amee ngénte dañu leen di làngal. Seen xarit yi ñooy ñëw indil leen ay ndawtal yu ànd ak xaalis. Ci ngoon gi lay door ànd ak ay woy, maye, tagg ak fecc ba mu guddi lool.

# ññ - ŋŋ

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | tànk | songoo | jonkon | njulli |
| ▲ | sempi | buntu | janq | gàncax |
| ■ | dencaat | ndaje | xàmp | lëngoo |
| ● | nombo | santal | gàntu | sancal |
| ♥ | gunge | ndijaay | njàng | dàmba |
| ☾ | mànkoo | junj | waxande | xunt |
| ☼ | mbëkkal | mbàttu | sampal | lumpal |
| ☺ | lumpal | yéemu | njuumte | mën-mën |

★

| | | |
|---|---|---|
| e | ññ | eññ |
| ó | ñ | óñ |
| l | eŋŋ | leŋŋ |
| d | aŋ | daŋ |
| u | ññ | uññ |

▲

| | | |
|---|---|---|
| i | ñ | iñ |
| m | éŋŋ | méŋŋ |
| w | oŋ | woŋ |
| ë | ññ | ëññ |
| a | ñ | añ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | faŋ | ŋe | | faŋŋe |
| ▲ | dàŋ | ŋe | | dàŋŋe |
| ■ | ràñ | ñee | | rààñee |
| ● | wañ | ñi | | wañña |
| ♥ | meñ | ñeef | | meññeef |
| ☾ | kàŋ | ŋe | | kàŋŋe |
| ☼ | joŋ | ŋa | ti | joŋŋati |
| ☺ | wàñ | ñi | ku | wàññiku |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | meññeef | doŋŋ | wàññi | suññeel |
| ▲ | faŋŋe | waññiku | ŋàññ | meŋŋ |
| ■ | xàññ | fàŋŋ | nàññ | soññee |
| ● | meññent | ràññiku | xàŋŋ | dàŋŋ |
| ♥ | péŋŋ | ñéññ | wuññi | ràññee |
| ☾ | woññil | dàŋŋe | noŋŋ | toŋŋ |
| ☼ | wàññiku | léŋŋ | gaññ | meññloo |
| ☺ | soññaat | ŋàññul | ŋaññ | wañña |

Toolu dër bi bari na ay meññeef.

Ŋàññ sa moroom du jëf ju rafet.

Buur baa ngi ni noŋŋ ci kow fasam.

Màrse, jën yaa nga fa ni gàññ tey.

Kuraŋ bi dellusi na ba néeg bi leeraat nàññ.

Seŋoor sunu njiitum réew ma woon ku ràññiku la.

Góor gu ne léŋŋ la waaye farloom des na lool.

Rakkam ji dafa ko topp mu ni ko mu waññiku gaaw.

Doktoor bi soññ nañu bu baax ci ñuy fanaan ci sànke yi.

Def na àngare ci tool bi ndax loolu mooy tax mu gën a meññ

★ Móodu góor gu tàyyeel la.
Bu ñépp nee meŋŋ dem tool, fi mu toog la naan noŋŋ, ñu koy soññ ak a soññaat. Yenn saa yi sax dañu koy ŋàññ muy door a jóg.

▲ Ngóone jigeen ju ñu ràññee la ci gox bi. Liggeey rekk la gëm, dafa koy def te di ci soññe. Bu ñépp dee nelaw moom doŋŋ mooy des ci ëtt bi di beñe. Fajar mu ne toŋŋ ci sareet jëm màrse jaayi.

■ Sama yaay am na tóokër bu naat meññeef ya ni gàññ. Suba su nekk dinaa fa dugg, roose ko. Yenn saa yi ma teg fa sama baŋ ni noŋŋ ca kow. Di seetlu nag ndax amul lu meññ bees.

● Bukki dafa xiif te gisul yàpp.
Biir bi di metti muy gaññ di jooy.
Nees tuuti mu séen Suññeel di romb.
Mu fëx topp ko, Suññeel gaaw banku.
Xol ba jeex mu ñéññ, won ko gannaaw ne meŋŋ.

# jj yy ww

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | noŋŋ | meŋŋ | meññent | suññeel |
| ▲ | léŋŋ | donj | wàññiku | àndaale |
| ■ | nàññ | mbote | ràññiku | soññaat |
| ● | fàŋŋ | péŋŋ | tanqamlu | sanqaleñ |
| ♥ | xànjar | wañň | umpaañ | waxande |
| ☾ | mbokk | gaññ | màndaxe | xew-xew |
| ☼ | ndéef | sempi | njàmbat | mbaxana |
| ☺ | ŋàññ | doŋŋ | màndute | njëmbët |

★

| | | |
|---|---|---|
| o | jj | ojj |
| x | aj | xaj |
| u | yy | uyy |
| ë | y | ëy |
| ó | ww | óww |

▲

| | | |
|---|---|---|
| é | w | éw |
| f | ejj | fejj |
| s | ij | sij |
| à | yy | àyy |
| oo | y | ooy |

# 23

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | tày | yi | | tàyyi |
| ▲ | tij | ji | | tijji |
| ■ | xew | wi | | xewwi |
| ● | muj | je | | mujje |
| ♥ | noy | yi | | noyyi |
| ☾ | new | wi | | newwi |
| ☼ | xàw | wi | ku | xàwwiku |
| ☺ | dij | ji | le | dijjile |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | xewwi | tàwwi | noyyi | xàjjale |
| ▲ | bàyyima | tàyyi | yewwi | bàyyi |
| ■ | ijji | fàww | àjji | xàwwiku |
| ● | wujje | newwi | jaww | àjjuma |
| ♥ | sujjoot | bijjaaw | dàjji | dijjal |
| ☾ | làyyi | tijji | béjjen | xàwwi |
| ☼ | lajj | yewwiku | mujje | kujje |
| ☺ | tàwwiku | bàjjen | bojjal | tijjiku |

- Sama maam bëggul ku dóor bàyyima.
- Kuuy mi béjjen yi gudd na.
- Pàppaam mag la waaye bariwul bijjaaw noonu.
- Abiyoŋ ci jaww ji lay naaw ne picc.
- Demba dafa doon daw daanu, tànk bi newwi.
- Nag wi ñu yeewoon yewwiku na, xale yi fëx.
- Ay gone waruñu di wujje ndax dafay jur mbañeel ci nit.
- Àjjuma jii nu jëm fàww ma dellu dëkk ba seeti mbokk ya.
- Dafa bëggoon a yéeg ci kow mbaar mi faf xàwwiku daanu ci suuf.
- Muse wax na ko ba tàyyi mu bàyyi waxtaan biir kalaas.

★ Bàjjen Uley jaaykat bu mag bu farlu la. Àjjuma ju mujj ci weer wu nekk dafay dem màrse Jawbe wuti fa gejj.
Gejj yooyu lay peeseel yeneen jaaykat yu ndaw yi ci kàrce bi.
Dina leen ko bàyyee ay fan, bu ñu jaayee fey ko mu dellu Jawbe.

△ Wenn fas dafa nu romb, mu ngi soox ndax tànk bu newwi.
Waa ji ci kow sareet bi mu ngi koy dóor rekk ne du bàyyi du tàyyi.
Xamul ni sax fas wi dafa ame mettit, xamul itam ni bàyyima yi dañu yore bakkan di noyyi ni moom.

■ Melax gi dafa ni ràyy ci jàww ji, muus mi ni layy ni cëpp ci kër gi. Dënnu gi ne xàyy ma daw dugg ca néeg ba làqu ca ron lal ba. Taw bi sóob, muus miy noyyi ca kaw di ŋeew-ŋeewi.

# ññ ŋŋ jj yy ww

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | meññ | fàŋŋe | ñéññ | soññee |
| ▲ | sujjoot | newwi | noyyi | wujje |
| ■ | xàwwi | tijji | bàjjen | yewwi |
| ● | toŋŋ | wuññi | doŋŋ | ràññee |
| ♥ | làyyi | xàwwi | xonq | bojjal |
| ☾ | dijjal | bàyyi | noyyi | wàññiku |
| ☼ | bàyyima | toŋŋ | tàwwi | pëŋŋe |
| ☺ | wujje | dijjal | tijjiku | yewwiku |

★

| | | |
|---|---|---|
| à | ññ | aññ |
| ñ | aa | ñaa |
| t | oŋŋ | toŋŋ |
| ŋ | eem | ŋeem |
| à | jj | àjj |

▲

| | | |
|---|---|---|
| j | ull | jull |
| o | yy | oyy |
| y | ëw | yëw |
| u | ww | uww |
| w | ii | wii |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | meñ | ñent | | meññent |
| ▲ | wuj | je | | wujje |
| ■ | faŋ | ŋe | | faŋŋe |
| ● | dàŋ | ŋe | | dàŋŋe |
| ♥ | làw | wi | | làwwi |
| ☾ | tij | ji | kat | tijjikat |
| ☼ | woñ | ñaa | le | woññaale |
| ☺ | yàw | wi | ku | yàwwiku |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | meŋŋ | newwi | gajj | xàjjale |
| ▲ | wujje | ràññiku | yàwwi | xàŋŋ |
| ■ | tijjiku | xàwwi | àjjuma | ijji |
| ● | dijjal | bojjal | béjjaaw | yewwi |
| ♥ | bàyyi | wuññi | léŋŋ | noyyi |
| ☾ | faŋŋe | toŋŋ | dàjji | mujje |
| ☼ | soññe | làwwi | woññi | tàwwi |
| ☺ | bàjjen | noŋŋ | xewwi | wàññiku |

Sama doom ju góor ji ñemewul suññeel.

Xàwwi suturas nit baaxul, bul ko def.

Bàjjen Daba ñëw na tey seetsi nu.

Gaañoom bi metti na ma ngay gaññ.

Dëgg gu ne fàŋŋ kenn du ko jéem a nëbb.

Xadi soññaat na leegi Aali ci liggeey bi.

Baara, yéegal àjji bal bi ci garab gi.

Nan bojj dugub ji ndax ëllëg nu togg ci.

Waaru naa, xaalis bi ma yoroon réer na meŋŋ.

Nawet bi baax na, gerte gaa ngi ni gàññ.

★ Nawet bi dafa baax ren.
Ñax mi bari na lool.
Demal yewwi fas wi, bàyyi ko mu fori.

△ Tabaski gi agsi na xaat.
Alaaji bàyyi na xel ci li ko war.
Xar mi mu jënd ràññee nañu ko.

■ Tey ci àjjuma ji la céet gi. Woy yi jolli, ñuy woy Mari ak Tóoli. Seen baay ak seen yaay bég nañu. Amul xàjj ak seen, ku leen jege ñu may la.

● Ginaar gi tostan na.
Ay cuuj yu ni gàññ la am.
Ñaari cuuj yi ni meŋŋ tax na ba Ablaay di leen sàmm leegi. Su dul loolu, siiru mi yóbbu leen ñoom ñépp.

# h

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | newwi | nàññ | bàjjen | dàŋŋaaral |
| ▲ | ràññiku | jaww | faŋŋe | tàyyi |
| ■ | péŋŋ | ijji | waññ | mujje |
| ● | bàyyi | ràññee | bojjal | soññaat |
| ♥ | béjjenu | bojjal | léŋŋ | béjjaaw |
| ☾ | soññee | noyyi | dàjji | ràññatle |
| ☼ | pëŋŋe | soññati | toyy | toŋŋoonte |
| ☺ | wuññi | duññi | pëŋŋe | waŋŋeetu |

★

| | | |
|---|---|---|
| h | a | ha |
| e | h | eh |
| aa | h | aah |
| h | oo | hoo |
| h | ii | hii |

▲

| | | |
|---|---|---|
| h | ë | hë |
| h | ó | hó |
| ee | h | eeh |
| h | uu | huu |
| h | ëe | hëe |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | le | ha | lal | lehalal |
| ▲ | ha | ñaa | le | hañaale |
| ■ | hék | ka | ti | hékkati |
| ● | hu | tal | si | hutalsi |
| ♥ | hi | li | fe | hilife |
| ☾ | hoo | te | kat | hootekat |
| ☼ | hub | bi | te | hubbite |
| ☺ | hàk | ka | ti | hàkkati |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | hubbite | hindaale | halkande | habale |
| ▲ | hàggali | hàllarba | heewati | hàddina |
| ■ | hutalsi | hàtteji | hilife | hubale |
| ● | hoowale | hóbbali | heegukaay | hamaana |
| ♥ | ahakañ | hooteji | haltine | hàttekaay |
| ☾ | hemale | hileeram | hubale | haajoom |
| ☼ | hutali | lehalal | bahalaat | hañaale |
| ☺ | hokkatu | hàjjuma | hàttekat | haajo |

- Ajaa mu ngi lehal doomam ji.
- Homar defar na hoto fohekaay bu taaru lool.
- Nit ku mën a yàq du gaaw a hoomle.
- Haadi bëgg na hàjji màngo waaye ñemehut a yéeg.
- Maa ngi ñëw nu hànd may ma tuuti ma hàggali.
- Muse wax na ni hàddina bi jëmmu kuppe la hame.
- Hammadi mu ndaw moo dàq a futbal ci kalaas bi yépp.
- Moom góor la gu ne léŋŋ waaye mënut a fajal kenn haajo.
- Musaa bind na kàddu gi ci hàlluwaam ba noppi jàng ko ci kow.
- Bésu ngénte bi hagsi na, Baay jënd nag wu rëy lool heew ko.

★ Halima doomam ji dafa sibbiru. Hànd na ak moom dem ca dispañseer ba. Ba ñu hàggee, doktoor bi seet na ko, teg loxoom ci jëham, daldi koy bindal hordonaas. Ba mu noppee mu wax Halima muy tëral xale bi ci biir sànke.

▲ Xale yi ñu ngi waajal hubbite ekool bi. Seen yaay dem na màrse hindil leen saag yu rafet. Hawa moom robb bu taaru lañu ko hutal. Suba ak jàmm ñoom ñépp hànd jàngi.

■ Gone yi dañoo hànd di dem. Màrse lañu jubal, Hajaa topp na leen. Ba ñu hàggee ñu jënd hay jën yu bari.
Ñu hegsi, wax Hajaa mu taal ñu lakk jën.

● Haali beykat bu jàmbaare la.
Suba su ne, mu gàddu hileeram jëm tool.
Buy liggeey dafay ñaq ba jëham tooy xipp.
Waaye bu jamonoy góob hegsee, mu kontaan.

**Sabab** :


Ginnaaw bi nga jàngee ab diir, seen madam walla muse jox na la kërale yi ci suuf ngir nga jàng leen.

**Ndigal** :

Biralal bu gaaw li ci kërale yi benn benn,ànd nga settantal ak bàyyi xel ci tomb yi



| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | ta | oq | amb | ŋó | juu | akk | eem | nàgg |
| ▲ | litt | ri | dé | fóo | sejj | xeel | penn | ronn |
| ■ | óyy | xëg | yiis | aaf | keel | teng | bucc | àmm |
| ● | ecc | ho | oop | iq | eer | ŋàmp | béll | nañī |
| ♥ | uŋŋ | joo | wur | he | ént | tank | hodd | mbad |
| ☾ | ànc | sée | bë | gée | onk | yoŋŋ | ngaa | dëww |



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | fare | habale | jubbanti | ndikkaan |
| ▲ | bon | rawaleji | ràŋŋatiku | xàwwi |
| ■ | hay | ramatu | wàññeeku | wél-wéli |
| ● | jox | teqaliku | tàndarma | sopparñi |
| ♥ | aaŋu | sebetiji | déwenati | sawaradi |
| ☾ | póotit | taqale | waŋŋeetu | fàttaliku |

Lu baax masul a yomb.

Fonk waajur, lu am solo la.

Lu ne fàŋŋ, kenn du ko jéex.

Nit ku  baax dafa war a am jom.

Topp ndigal dina tax gone am li mu bëgg.

Na mag ñi yërëm gone yi, gone yi weg leen.

Kafe gu tàng, mburu ak tuuti bëer la janq bi ndékkee.

Yeewul njël, bul bàyyi ba jant ne dàŋŋ ngay door a jóg.

Till ga génne ca kàmb ga daje na ak jahaar ja, pënd ba jolli.

Man héemu naa ci ki nga xam ne xiif tax na muy tuñ-tuñi.

★ Mari ak Badu ay xale yu nangoo jàng lañu. Suba teel lañuy yeewu, sangu, sol yére. Su ñu duggee kalaas, dañuy déglu li seen madam di wax, xool bu baax. Seetaan tele du yàq seen njàng, ndax dañuy mokkal seen mbind door a def leneen.

△ Sama maam, ku am taxawaay la te njaxlaf. Su dee dox, da ngay dégg tànk yi ci peroŋ bi. Dafa am fulla, kenn yabu ko. Ñépp a ko xam ci dimbali kuy laaj ak ku am jafe-jafe.

■ Ay xale ñoo fekk mbaamum jàmbur ne dañu koy war. Am mag mu daje ak ñoom tere leen. Ñu lànk, war mbaam-ngonk muy noŋŋi-noŋŋi. Waaye, dafa daw ab diir, waŋŋeetu, xale yu dëgër bopp ya jullóotu.

● Tey de xaley koñ bi dañuy set-setal. Suba teel, la ñépp dajaloo, yor jumtukaay yi ñu war a liggeeye. Li naaj wi tàng lépp, taxul ñu noppalu. Ruq yépp a set ; ñu tonni mbalit mépp def ko ci póllu yu mag.



# Ubbite ekool

Téy, njël la seex yi Badu ak Mari yeewu. Ñu ngi waajal jàngi ekool ndax tey lay ubbi. Seen yaay Astu moo leen jàppale ñu sangu ba set. Démb la Badu dem watuji. Ayu-bés gi weesu la Mari yendu Sikilo kër tànta Nafi mu létt ko ba mu rafet.

Seen pàppa Omar Ndaw moo leen di gunge ci ekool Waali Fata. Mu ne leen nañu seetaat bu baax ndax seeni téere, kaye ak jumtukaay mat nañu.

Badu sol na tiset bu baxa bu rafet ak dàll yu weex. Maree ngi sol robbam bu taaru ànd ak ay dàll yu ñuul. Mu ngi bég lool, di muuñ. Xale yi dinañu kontaan su ñu gisee seen ay moroom.

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**njël :** mooy waxtu wi jëkk ci bés buy tàmbali ; fajar ; lu teel ci suba si.
**gunge :** ànd ak nit ku am fu mu jëm.
**jumtukaay :** yu ñuy jëfandikoo ci liggeey.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **watuji.** | **démb la** | **dem** | **Badu** |

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   jàppale tuuti

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   yeewu kaw

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**kontaan, bég, ree, muuñ, mer**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Kan moo gunge xale yi ekool ?
2. Ku doon sang xale yi ?
3. Ñaari xale yi nu ñu tudd ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Badu sol na xaftaan bu rëy te rafet.
2. Badu sol na tiset bu baxa bu rafet.
3. Badu sol na xaftaan bu xat lool te rafet.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Ñaata nit ñoo nekk ci nataalu jukki bi ?
2. Lu ñuy def ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Lu xale yi yor bi ñuy génn kër gi di jàngi ?
2. Xale yi bëgguñu dellu ekool. Dëgg la am déet ? Lu tax ?

### c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(ubbi, sangu, doon, rafet, ñakk, ne)

Yaay Astu dafa nu .....nanu.....ba set.
Muse nee na, nu ..... sunu téere.
Xale yi sol nañu yére yu ..... wuti ekool.

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.



1. Maree ngi mer, sol robbam, taxaw.
2. Maree ngi bég, sol mbaxana, taxaw.
3. Maree ngi bég, sol robbam bu gudd.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nettali loo def ci bésu ubbite ekool.



# Ci ëttu ekool bi

Faana ak Abdu ay xarit lañu, ñoo bokk koñ. Suba gu jot, ñooy ànd di jàngi.

Benn bés, Faana réeral jaaroom ci ëttu ekool bi, fa mu doon fowe, ci waxtu dallu wi. Muy jéex ci suuf, di ko seet. Ci la Abdu egsee, laaj ko :

- Faana, lu tax ngay def sa loxo ci suuf si ?
- Sama jaaro moo wadd fii.
- Hée, sama yaay ne woon na kenn du def sa loxo ci suuf si. Dafa bare ay doomi jàngoro te dafay indi feebar.
- Aa ! Xamuma ko woon.

Noona, Abdu ni ko : « Demal raxas sa loxo. Dinaa wax sama yaay mu jëndal la jaaro yu rafet ».

Ca ëllëg sa, mu indil ko jaaro yu yànj. Faana bég lool.

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**dallu :** noppalu boo defee dara ba sonn. Ci misaal, jàng ba sonn di noppalu.
**ëtt :** bayaal bi ci biir ekool bi.
**yànj :** rafet.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **jàngi.** | **ñooy** | **Faana ak Abdu** | **ànd** |

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   wadd xale

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   réer rafet

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**réer, reer, seet, wadd, jéex**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Kan mooy xaritu Faana ?
2. Lan la Faana réerle ?
3. Lan la Abdu mujj indil Faana ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Faana réeral na jaaroom ci ekool bi.
2. Faana réeral na jaaroom ci ëttu ekool bi.
3. Faana réeral na jaaroom ci buntu ekool bi.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Ci nataalu jukki bi, fan la xale yi nekk ?
2. Lan la Faana di def foofu ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Lu tax Faana gisul jaaroom bi réer ?
2. Lu seddal xolu Faana ?

### c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(tere, feebar, ëtt, loxoom, jéex)

Mu ngi...........ci suuf di seet jaaroom.
Tilim dafay indi ............ .
........... nañu ko mu def .............. ci suuf.

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.



1. Abdu ak Faana ñu ngi ci ëttu dispañseer bi.
2. Abdu ak Faana ñu ngi ci ëttu ekool bi.
3. Abdu ak Faana ñu ngi ci ëttu meeri bi.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nettali lu elew yi di def ci ëttu ekool bi waxtu noppalu.

## Laaj yi ak liggeey yi

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Mari | ko. | egsi, | laaj |
| 2 | lool. | bég | Mu | ngi |

#### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat bi ci bokkul te bind ko ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | njël, yeewu, sangu, fowi, jàngi |
| 2 | jaaro, réer, dàll, ëtt bi, jéex |

### II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

#### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Ku dimbale Mari ak Badu ñu sangu ? | a. Tànta Nafi | b. seen yaay | c. seen mag |
| 2. Lu tax Badu ak Mari di sangu | a. ngir doxi | b. bëgg a set | c. bañ a tàrde |

*Ci ñaareelu jukki bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Lu Faana réeral ci ëttub ekool bi ? | a. **boolam** | b. **kayeem** | c. **jaaroom** |
| 2. Lu tax Abdu tere Faana mu def loxoom ci suuf si ? | a. **moytul ko feebar** | b. **bañ ko** | c. **tooñ** |

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. Xale yi dinañu kontaan su ñu gisee seeni moroom.
2. Dinaa wax sama yaay mu jëndal la jaaro yu rafet.
3. Xale yi du ñu kontaan su ñu gisee seeni moroom.
4. Dinaa wax sama yaay mu jëndal la dàll yu rafet .

### c. Ma wax li ma jàpp

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee, nga wax li nga ci jànge.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, biralal bu ci nekk ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ñaari kàddu ci sa kaye tàggatu, nettali ci loo def ci bésu ubbite ekool yow ak say xarit.



# Kër Maam Sàmba

Tey, kenn demul ekool, sama pàppa ne danuy dem Sikilo seeti Maam Sàmba. Ey waay ! Maam Sàmba mooy sama pàppay yaay. Mu ngi dëkk ak Ayda Wilaan sama maam ju jigeen, sama tànta ak ñaari doomam. Sama yaay dafa jël saag, def ci gerte, cere ak biteelu meew. Danu koy yóbbul Maam Sàmba. Sama robb bu xonq bu gudd, rafet lool, laa sol. Sama pàppa sol xaftaan bu wert. Sama yaay sol ndóbino bu xonq.

Bi nu eggee, Maam Sàmba dafa bég lool. Mu jël ma, teg ma ci wetam, may ma tàngal. Man ak Maas, sama doomu tànta Nafi, danu yendoo fo. Bi nu sonnee, nu ñëw toog, di noppalu. Sama tànta Nafi may nu bisaab ; nu naan ba kontaan. Haa, kër Maam Sàmbaa neex !

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**xaftaan :** mbubb mu gudd te góor ñi di ko faral di sol.
**ndóbino :** mariñeer. Yére jigeen la bu ñuy boole ak sér.
**bég :** kontaan.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| ñaari | Sama tànta | am | la | doom |
|---|---|---|---|---|

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

bég jël

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

neex yóbbu

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**cere, meew, saag, gerte, bisaab**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Kan lañuy seeti ?
2. Lan la pàppay kiy nettali sol ?
3. Lu yaay ji def ci saag bi ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Àttaaya la Nafi may xale yi.
2. Maam Sàmba mooy pàppay yaayu xale yi.
3. Pàppay xale yi yére yu mboq la sol.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Waxal ñan ñoo nekk ci nataal bi ?
2. Lan la ku nekk di def ?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Maam Sàmba dafa yàkkamti woon a gis njabootam. Waxal li koy wone.
2. Maam Sàmba ku bëgg sëtam bi la ? Dëgg la am déet ?

## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(xonq, wert, xaftaan, sol, summi)

Pàppa Omar, ............... bu ............... la...............

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.



1. Nafi naan na bisaabu xale yi.
2. Nafi mu ngiy may xale yi bisaab.
3. Nafi may na xale yi salaat.

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

Lan moo la gën a neex ci jikko yi ñu fésal ci jukki bi ?

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nettali lu ñu la mas a defal bi nga demee sa kër menn mbokk.



# Déggal waajur

Benn bés, ginnaaw añ, xale yi dañu doon fo ak Duudu ; seen doomu nijaay. Pàppaam Asan yónni ko, mu bañ. Dafa bëggoon mu jëndali ko warga. Duudu ne tànkam dafay metti ; te fekk du woon dëgg.

Ca ëllëg sa, jàngalekat ba, Madam Jàllo di wax ci mbirum njaboot ci njàngum nekkin wu rafet. Mu ne leen : « Yaay ak pàppa dañuy def lépp ngir nun, tàmbalee ko bi nu nekkee tuut-tànk. Kenn mënu leen a fey. Li nu mën rekk, mooy di leen déggal, di leen toppatoo ».

Bi Duudu déggee loolu, muy wax ci xelam : « Madam wax na dëgg ! Kon dama war a déggal samay waajur te jox leen cer ».

Bi mu ñibbisee, muy def li ko ay waajuram di sant. Seen xol seddaat lool ci moom.

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**tuut-tànk :** xale bu ndaw.
**déggal :** defal nit li mu la sant te di bàyyi li mu la tere.
**jox cer :** déggal, fonk.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **seddaat** | **Asan** | **Xolu** | **na.** |

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   bañ sant

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   sedd tàmbali

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**toppatoo, fonk, bañ, déggal, naw**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Lan la Duudu làyyi ba demul ci li ñu ko yónni ?
2. Nan la jàngalekat bi tudd ?
3. Lan moo seralaat xolu pàppay Duudu ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Mbiskit la Asan yónni Duudu.
2. Warga la Asan yónni Duudu.
3. Warga ak liibaru suukar la Asan yónni Duudu.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Kan la Duudu di nuyu ?
2. Nan la koy nuyoo ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Jan jamono la Asan yónni woon Duudu ?
2. Fan la madam Jàllo doon waxtaane ak Duudu ?

### c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(waajur, dëgg, doom, cér, déet, wax, pàppa)

Yaay ak ..... dañuy def lépp ngir .....
Madam bi .... na .....de !
Dama war a jox ....samay ....... .

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Madam Jàlloo ngi bind ci kaye yi.
2. Létti Madam Jàllo yi rafet nañu.
3. Madam Jàlloo ngi waxtaan ak elew yi.
4. Madam Jàlloo ngi génn kalaas bi.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nettali lenn ci waxtaanu Madam jàllo ci kalaas bi.

# Laaj yi ak liggeey yi

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Maam Sàmba | yóbbul | Dañuy | meew |
| 2 | warga. | bëggoon | Dafa | mu jëndali ko |

### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat bi ci bokkul te bind ko ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | gerte, cere, yére, bisaab, meew, tàngal |
| 2 | yaru, déggal, toppatoo, fonk, nelaw |

## II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

**Laaj yi :** **Tontu yi :**

1. Kan lañu seeti Sikilo ?

   a. **Maam Nogoy** b. **Maam Sàmba** c. **Yaay Ami**

2. Lu xale yi yendoo def ?

   a. **Dañu tooggoon** b. **Dañu doon nelaw** c. **Dañu doon fo**

*Ci ñaareelu jukki bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Kuy waxtaane nekkin wu rafet ? | a. **jaaykat bi** | b. **Madam Jàllo** | c. **seen yaay** |
| 2. Lu tax xale war a déggal waajuram ? | a. **ndax dañu leen di nax** | b. **ngir xam leen** | c. **ndax ñoo ko yar** |

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. Kenn mënul fey waajur.
2. Sama pàppa sol xaftaan bu wert.
3. Kenn mënul xam waajur.

### c. Ma wax li ma jàpp

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee, nga wax li nga ci jànge.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, biralal bu ci ne ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ñaari kàddu ci sa kaye tàggatu, nettali lenn lu xale bu déggal waajuram war a def.



# Sama maam dafa tabe

Danu sopp lool sunu maam Nogoy. Moom moo jur sunu pàppa. Dafay kaf, di wax naan sama rakk Ñoxor mooy jëkkëram, man maay wujjam. Suba su ne, bu nu yeewoo, dafa nuy laaj ndax nelaw nanu bu baax. Bu nu sunu yaay dee soow, dafa koy metti lool. Sama yaay dafa ko naan moom dafay yàq sët. Su déggee wax jooju, dafay dem, dugg ci néegam, mer.

Balaa nuy dem ekool, danuy dem néegam, tàggu ko. Mu may nu ku nekk ñaar-fukk. Waaye du fàtte mukk ne nu : « Bu ngeen wàccee, bu leen taxawaalu. Nangeen ñibbisi ci kër gi ».

Dafa nuy faral di woo ci néegam bu guddi jotee. Nu ñëw, mu nuy léebal ba nuy waaj a nelaw, nu dem tëri.

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**tabe :** ku mën a joxe, kuy maye, kuy dimbalee.
**sopp :** bëgg.
**sët :** sa pàppay pàppa, sa pàppay yaay, sa yaayu yaay walla sa yaayu pàppa, yow sëtam nga.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **maam** | **danu** | **Sunu** | **bëgg** |

### b. Ma rààñee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   kaf taxawaalu

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   tabe guddi

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**bàjjan, maam, nijaay, béjjen.**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Kan la xale yi di tàggu sunuy dem ekool ?
2. Fan lañu koy fekk ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Maam ji dafay léebal sëtam yi ci biti.
2. Maam ji dafay léebal sëtam yi ci këram.
3. Maam ji dafay léebal sëtam yi ci néegam.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Ñaata sët la maam ji am ?
2. Lan la maam ji di defal sëtam yi ?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Lu tax sët yi sopp seen maam ?
2. Fan la ñuy jaaye xaalis bi leen seen maam may ?

## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

(woo, nelaw, léebal, guddi, néegam )

..........gu ne, maam ji dafay ............ sëtam yi ba ñu ..............

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Maam a ngi ànd ak sëtam yi dem ekool.
2. Maam a ngi fo ak sëtam yi.
3. Maam a ngi léebal sëtam yi.

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nettali lenen loo xalaat ne mën na merloo maamu xale yi.



# Waa kër Mari

Mari dafa dëkk ak pàppaam Omar, yaayam Astu, seexam Badu ak rakkam Ñoxor. Bàjjanam Aana, nijaayam Asan ak maamam Nogoy Njaay itam ci kër gi lañu dëkk.

Yenn saa yi, Mari dafay sonal Badu. Rawatina bu ñuy futbal ñoom ñaar. Waajuri Mari ay royukaay lañu. Dañu bëgg seeni doom, di leen toppatoo bu baax. Te sax nag, kër gi yépp dañoo déggoo, di dimbalante, bëggante.

Yaa Astu dafay toggal waa kër gi togg yu neex. Bàjjan Aana moo koy dimbale. Pàppa Omar, nijaay Asan, Mari ak Badu itam dinañu jàpp ci liggeey yi.

Li gën a neex Mari nag mooy njogonal yi. Bàjjan Aana dafa leen di defaral fataaya walla beñe. Pàppa Omar mooy àttaaya. Waa kër gi yépp dañuy dajaloo. Su ngoonee, Maam Njaaya léebal leen.

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**bëggante :** ku nekk bëgg sa moroom.
**déggoo :** ñu mën a ànd bokk ab liggeey walla ay xalaat.
**bàjjan :** jigeen jiy magu baay walla rakki baay.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **lu neex.** | **dafay** | **Yaa Astu** | **togg** |

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   yaay dimbalante

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   neex dajaloo

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**fataaya, matt, beñe, akara**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Nu nijaayu Mari tudd ?
2. Kan la Mari di àndal di futbal ?
3. Yaayu Mari nu mu tudd ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Mari moom njogonal dafa ko neex.
2. Mari moom njogonal dina ko neex.
3. Mari moom njogonal masu ko neex.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Ñan ñoo nekk ci nataal bi? ?
2. Lan la ku ci nekk di def? ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Mari fu wéet la dëkk. Dëgg la am déet ? Lu la ko xamal ?
2. Waxal ay baat walla ay kàddu yuy wone ni waa kër Mari dañuy jàppalante.

### c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

(dimbalante, bokk, xuloo, war)

Ñu................ dañu ................a ....................



### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Badoo génne kaasi àttaaya yi.
2. Badoo toj kaasi àttaaya yi.
3. Badoo daaneel kaasi àttaaya yi.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nettali looy def soo reere ba noppi.

# Laaj yi ak liggeey yi

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Danu | sunu | sopp lool | Maam Nogoy |
| 2 | àttaaya | mooy | Omar | Pàppa |

### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat bi ci bokkul te bind ko ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | taxawaalu, gaawantu, wëreelu, wëndeelu |
| 2 | déggoo, bëggante, jàpp ci liggeey bi, téere |

## II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Kuy Maam Nogoy ? | a. Can la | b. Mooy yaayu pàppay xale yi. | c. ku dëkk ca koñ ba la |
| 2. Lu tax Maam Nogoy du wax dara xale yi ? | a. Bëggu leen. | b. ay sëtam lañu. | c. Da leen a mere. |

*Ci ñaareelu jukki bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Kan mooy bàjjanu Mari ak Badu ? | a. **Anta** | b. **Faatu** | c. **Aana** |
| 2. Lu tax kër gi am jàmm ? | a. **Dañuy xuloo.** | b. **dañoo déggoo.** | c. **Dañuy tooñ.** |

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. Su déggee wax jooju, dafay dem, dugg ci néegam, mer.
2. Su ngoonee, Maam Njaaya léebal xale yi.
3. Su déggee wax jooju, dafay dem, dugg ci néegam, kontaan.

### c. Ma wax li ma jàpp

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee, nga wax li nga ci jànge.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, biralal bu ci ne ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ñaari kàddu ci sa kaye tàggatu, nettali nan nga nekke ak seen waa kër.



# Bésub ñakk

Démb ci ngoon, taskatu xibaar bi dafa yëgle ne dañuy ñakk xale yi suba ca dispañseer ba. Waajur yépp a war a yóbbu seeni doom, ñakki leen.

Ba nu yeewoo, man ak sama seex Mari sangu nanu ba set. Ànd nanu ak sama yaay ak sama pàppa. Sama yaay boot na Ñoxor, nu jëm dispañseer ba.

Ñakk wi dafay aare ci tetaanoos. Tetaanoos dafa bon ci xale. Nit ñi bare woon nañu fa lool. Xale yépp a tiitoon, bi ñu gisee ñakkkat yi. Ñoxor tiit lool, di lox-loxi, ubbi gëtam yépp. Benn fajkat naan xale yi : « Bu leen tiit, lii du metti ».

Leegi nag, maa war a ñakku. Sama yaay jóg, téye ma, ñu jegeji taabal ji ñuy ñakke. Ñakkkat bi jël sama loxo, ma gëmm samay gët. Tuuti rekk la metti, mu ne ma : « Jógal, jeex na ! ».

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**aar :** fexe ba mbir walla nit dara du ko mën a laal, du ku mën a lor, gaañ walla yàq.
**taskatu xibaar :** yëglekat.
**gët :** bët yu bare. Missal : Ab bët, ay gët; bët bi, gët yi. Bëtam bi, gëtam yi.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| gune | dafay | ci feebar. | aar | Ñakk |
|---|---|---|---|---|

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

bon yëgle

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

suba gëmm

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**ñakk, tetaanoos, fajkat, saar, opitaal, aar.**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Ñan ñoo yóbbu xale yi dispañseer ?
2. Nan la Ñoxor def ? Lu tax ?
3. Lu xale yi def bi ñu yeewoo ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Mag ñi ñakkuji nañu.
2. Tetaanoos du feebar.
3. Xale yi ñakkuji nañu.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Lu xew ci dispañseer bi ?
2. Lu koy màndargaal ?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Kiy nettali nu mu tudd ?
2. Ñaata at la Ñoxor war a am ?

## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

( jegeji, ñakku, maa, faj, sangu, ndax )

.............ngi ......... taabal ji .............maa war a .......... .

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Raŋ nañu di ñakku.
2. Raŋuñu di ñakku.
3. Dañuy daw ñakku.

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.


Lan mooy njariñu ñakk ?

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nettali bésub ñakk ca ekool ba.



# Ekool bu set

Céel lanu dugge ekool. Ekool ba dafa nekkoon ca wetu foraas ba. Ca ndoorte la, amul woon sàkket. Ay gétt daan jaar ci biir di naani. Booba, ca kalaas ba gën a ndaw lanu nekkoon.

Bi muse Maane ñëwee, jóge Tiwaawon, ci la indi yeneen coppite. Li mu jëkk a def mooy woo ñépp, ne leen fokk ñu sàkket ekool bi. Ci saa sa, ñu def ko.

Suba su nekk, dañu daan bale kalaas ya, an mbalit ma, tuuri. Alxemes ju nekk, balaa njàng mi daan door, elew yépp, jigeen ak góor, dañu daan ànd bale ëttu ekool ba ak peroŋ ya ba ñu set. Ba mu yàgg tuuti, ñu jëmbat fa ay garab. Mujj gi, ñu am toolu ekool.

Ba mu amee at, sunu ekool bokk ca béreb ya gën a set ca Céel. Waajuri elew ya dañu daan ñëw di waxtaan ak muse ba, di ko sargal. Nun ñépp a bégoon ci sunu ekool boobu. At mooma lanu jóge Céel, man ak sama seex Mari, sunuy waajur, dellu Kafrin.

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

## Baat yu jafe yi

**jëmbat :** samp garab gu ndaw ngir saxalaat ko.
**coppite :** doxalin wu bees.
**sargal :** màggal, sant nit.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| jëmbat | ekool. | ci sunu | garab | Nanu |
|---|---|---|---|---|

### b. Ma rààñee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   door          an

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   ndaw          ndoorte

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**sikkal, sargal, sant, gërëm, ñaanal**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Ban dëkk la ekool bi nekkoon ?
2. Nan la muse bi tuddoon ?
3. Lan la muse bi jëkk a def ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Bàyyima yi dañu daan naansi ci biir ekool bi.
2. Bàyyima yi dañu daan jaar ci biir ekool bi.
3. Bàyyima yi dañu daan jaar ci ginnaaw ekool bi.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Nan la ëttu ekool bi mel ci nataalu jukki bi ?
2. Lan lañu samp ci càmmoon ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Nan la ekoolu Céel meloon lu jiitu muse Maane di fa dem ?
2. Lan mooy wone ni waajuri elew yi ñu te bëgg ekool bi lañu ?

### c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(jëmbat, waajur, toppatoo, bale, sànni mbalit, set)

Nanuy …… sunu ekool ba mu ….. wecc.
Nanuy ……… garab te di ko ………… bu baax.

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Xale yaa ngi fo ci ëttu ekool bi.
2. Xale yaa ngi bay ñax mi, di ko rato.
3. Xale yaa ngi roose garab yi ci ekool bi.

### d. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nettali lan ngeen di def ba seen ekool di set.

## Laaj yi ak liggeey yi

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Xale yi | nañu. | ñakku | démb |
| 2 | garab. | Sunu | bare na | ekool |

#### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat bi ci bokkul te bind ko ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | Céel, Kafrin, Tiwaawon, Fatig |
| 2 | doktoor, asamaan, ñakk, dispañseer |

### II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

#### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Kan moo gën a tiit ci xale yi ? | a. Mari | b. Badu la | c. Ñoxor la |
| 2. Lan la xale bi yëg ba muy ñakku ? | a. mettit | b. mbégte | c. dara |

*Ci ñaareelu jukki bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Lan la muse Mane soppi ci ekool bi ? | a. **waxin** | b. **cet** | c. **jàmm** |
| 2. Ndax waa dëkk bi dinañu bàyyi muse Mane jóge ci ekool bi ? | a. **waaw** | b. **mukk** | c. **dinanu am xel ñaar** |

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. Bésub ñakk, bésub fo la.
2. Bésub ñakk, bésub aaru la.
3. Ekool bu set moo jar a moytu.
4. Ekool bu tilim jar na setal.

### c. Ma wax li ma jàpp


Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee, nga wax li nga ci jànge.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, biralal bu ci ne ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ñaari kàddu ci sa kaye ; nettali ci loo gis, loo dégg walla loo def ci bérabu fajukaay.



# Cet

Wiktoor ak Faana ci kalaasu ñoom Badu ak Mari lañuy jànge. Bés bu nekk, dañuy sol yére yu set wecc. Cet googu, ci lañuy sax ba wàcc jot. Bu ñu génnee waxtu noppalu, dañuy raxas seen ay loxo ba ñu set, laata ñuy dellu kalaas.

Benn bés, Muse Saaña ne leen nañu wax seen waa kalaas ni ñuy def ba set saa su nekk.

Wiktoor ne : « Guddi gu nekk, sama yaay dafa may dimbale ma sangu ba set. Su ma noppee raxas sama gémmiñ ».

Faana ne : « Laataa may ñëw ekool, damay sangu, setal sama gémmiñ, sol sama yére yu set. Sunu pàppa ak sunu yaay dañu nu wax ni nanu raxas sunuy yoxo ak saabu, bu nu génnee ci wanag yi ak balaa nuy lekk ».

Mari yékkati loxoom, ne : « Démb, Duudu sama doomu nijaay dafa fo ci suuf si ba noppi, daal di lekk. Biiram dafa doon daw, di metti, muy woccu ».

Muse Saaña won na leen ni cet dafay aar nit ci tawat.

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**sax :** nekk ci dara diir bu yàgg.
**yoxo :** loxo yu bare. Misaal : Ab loxo – ay yoxo, loxo bi – yoxo yi.
**tawat :** jàngoro, feebar.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| nekke | googu | lañuy | cet |
|---|---|---|---|

### b. Ma rààñee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

laata　　　　wanag

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

set　　　　sol

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**gémmiñ, bakkan, basaŋ, loxo, nopp, bët**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Kan la yaayam di dimbale mu sangu ba set ?
2. Lu ñu war a def sunu génnee ci wanag, walla balaa ñuy lekk ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Wiktoor du raxas gémmiñam.
2. Wiktoor dafay setal gémmiñam.
3. Wiktoor du toppatoo gémmiñam.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Ñan ñooy raxas seeni yoxo ?
2. Ak lan lañuy koy raxase ?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Wan waxtu mooy waxtu noppalu ?
2. Duudu, lu mu bokk ak yaayu Mari ?


## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(ci, yaay, nelawe, dimbale, jànge)

Wiktoor ak Faana ....... kalaas bi lañuy ......... .
Sama .......... dafa may .......ma sangu.

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal




Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Faana yékkati na àrduwaasam.
2. Mari yékkati na loxoom.
3. Wiktoor ak Faana yékkati nañu seen loxo.

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu nettali ak ci sa kaye/àrduwaas, wax njariñu cet.




# Ca dispañseer ba

Daaw, mbasum ŋas dafa amoon ci dëkk bi. Yaay Astu yóbbu seex yi ñu ñakkuji ca dispañseer ba.

Ba ñu àggee, ñu dégg yuuxuy yeneen xale ya. Loolu tiital leen. Yaay Astu di dalal seen xel, naan leen, ñooñu ay tuut-tànk lañu, waaye ñoom ñaar ay xale yu dëgër lañu. Teewul, xetu alkol ga nekk lu bees ci ñoom, sonal leen. Loolu lépp fees seeni bopp, ñuy xalaat.

Ginnaaw ba, doktoor bu jigeen ñëw, reetaanloo Mari. Xelu Badu door a dal. Doktoor ba jubal ca néeg ba ñuy faje. Yaa Astu jàpp ca loxo Badu, ñu dugg ca néeg booba, ñoom tamit.

Ba doktoor Sekk di seet Mari, di ko toppatoo, Badu di xool fu nekk. Mu nga jaaxle ca pot yu bare ya, weer ya ak jumtukaay yu kéemaane ya fa nekk.

Mujj ga, lépp jaar yoon. Ñu ànd ak seen yaay, ñibbi seen kër ba ñu ñakkoo ba noppi. Kenn du leen wàll ŋas.

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**ŋas :** feebar bu yaramu xale bi di tàng mu am ay picc yu sew yu bare.
**lu jaar yoon :** lu mel (aw) ni mu war a mel ; lu jub.
**mbas :** feebaar bu dalandoo nit ñu baree-bari.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| dispañseer. | ñakkuji | dañu | Badu ak Mari |
|---|---|---|---|

### b. Ma rààñee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

tiit　　　　jàpp

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

dëgër　　　　yóbbu

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**ñakk, opitaal, doktoor, ŋas, màrse**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Mari ak Badu, kan moo ci gën a mag ?
2. Lan la doktoor bu jigeen bi def ngir gone yi bañ a tiit ?
3. Lan moo tiitaloon Badu ak Mari ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Doktoor bi dafa ñakk Mari, lewwu ko, merloo ko.
2. Doktoor bi dafa lewwu Mari muy jooy.
3. Doktoor bi reetaanloo na Mari, yóbbu ko.

Bés II

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Fii ñu nekk fan la ?
2. Ñan ñoo fa nekk ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Lu tax feebaru ŋas tasaaroo ci dëkk bi ?
2. Mari ak Badu ku ci mag ? Noo ko xame ?

### c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(xale, ñibbi, seen yaay, ñakkoo,)
Ñaari....ya...nañu seen kër, ba ñu....ba noppi.

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.



1. Dafa ragal ñakku.
2. Dafay daw ñakku.
3. Dafa neme ñakku.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nettali li nga gis bi nga jëkkee dem dispañseer.

# Laaj yi ak liggeey yi

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | yére | set. | yu | Solal |
| 2 | dafay | Ñakku | xale. | aar |

### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat bi ci bokkul te bind ko ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | set, sangu, mbalit, raxas, bale |
| 2 | ŋas, alkol, tetaanoos, xureet, payis |

## II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Kañ lanu war a raxas sunuy loxo ak saabu ? | a. Suba, ngoon ak guddi | b. Su nu génnee ci wanag yi ak balaa nuy lekk | c. Bu nu lekkee ba nuppi |
| 2. Lan moo nuy musal ci jàngoro yiy wàlle ? | a. ñakku | b. set | c. tàggat sunu yaram |

*Ci ñaareelu jukki bi* :

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Man pexe la doktoor bu jigeen bi def ba xelu Badu dal ? | a. **Dafa neexal Badu.** | b. **Dafa reetaanloo Mari.** | c. **Dafa may Badu ay boŋ-boŋ.** |
| 2. Ndax mën nanu wàll ŋas xale bu ñakkuwul ? | a. **Waaw** | b. **Mukk** | c. **Déedeet.** |

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. Boo setee doo mucc mukk ci jàngoro.
2. Boo tilimee doo mucc mukk ci jàngoro.
3. Sangu naa ba noppi, kenn duma wàll ŋas.
4. Ñakku naa ba noppi, kenn duma wàll ŋas.

### c. Ma wax li ma jàpp

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee, nga wax li nga ci jànge.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, biralal bu ci ne ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ñaari kàddu ci sa kaye tàggatu, nettali loo gis ci ab dispañseer ?



# Bésub joxe neexal

Ekool dafay tëj. Tey, lañuy neexal xale yi gën a jàng ci at mi. Mari, Badu ak Duudu, ci ñaareelu kalaas bu ndaw bi lañu nekkoon. Maree jiitu ci kalaas bi, dafa war a am neexal. Suba teel, la ñëw ekool, ànd ak ñaari moroomam ak ay waajuram.
Samp nañu ab tànt ci diggu ekool bi. Ñu taarale ko raaya réewum Senegaal.
Bi fukki waxtu di bëgg a jot, kilifa yi tàmbalee egsi. Mu am téere yu ñu tegle ak yeneen neexal ci ay taabal. Xale yi bég, yàkkamti. Madam yi ak muse yi di leen wattu, di leen jéem a dalloo. Ñenn ñi mel ni Mari am lool mbégte, bi ñu xalaatee ne dinañu am neexal.
Ministar bi nag moo jiite ndaje mi. Taxaw na ñu woy bàkku réew mi. Jékki-jékki rekk, bi ñuy limaate, ñu dégg turu Mari. Xolam tàmbalee tëf-tëfi. Mu ñëw, Ministar bi jox ko neexalam. Mu ànd ak Ministar bi fotowu.
Booba la dellu fekki xaritam ya ak waajuram ya. Ci lañu ànd ñibbi ca kër ga, bég lool.

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**taarale :** rafetal.
**raaya :** daraapoo réew.
**tànt :** mbaar.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| Woy | réew | nañu | bàkku | mi. |
|---|---|---|---|---|

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   egsi ñibbi

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   tëj tàmbali

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**neexal, jàng, téere, kalaas, oto, tablo**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Ñan ñoo nekkoon ci kalaas bu ndaw bi ?
2. Yan xale ñoo jiituwul ci kalaas bi ?
3. Kan moo jox Mari neexalam ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Bi fukki waxtu ak ñaar jotee, kilifa yi tàmbalee egsi.
2. Maree jiituwul ci kalaas bi.
3. Xale yi gën a jàng ci at mi dañuy am neexal.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Lan ñoo nekk ci nataal bi ?
2. Xale bu jigeen bi, lan lay jot ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Lu tax ekool bi bare nit ?
2. Mari dafa doon fecc bi ñu limee turam, dëgg la am déet ? Lu koy wone ci jukki bi ?

### c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(ci, samp, diggu, suba, bi )

...teel, ñu ....tànt bi .....ekool.... .

(jiite, tas, mi, Ministar)

.........bi moo ......ndaje........ .

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Samp nañu tànt ci biir ekool bi.
2. Xale bu góor bi am na neexal.
3. Xale bu jigeen bi moo woy.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nga wax lu neexal ok elew yi raw di jariñ.

**Sabab** :

Bi nga jàngee ab diir, war nga natt sa xam-xam. Jox nañu la jukki bi ci suuf ak ay laaj.

**Ndigal** :

Yelul jukki bi, jéem a dégg li ñu ci wax te tontu ci liggeey ak laaj yi.

# Kalaasu Majigeen

Majigeen laa tudd. Sama kalaas bu bees bi dafa ma neex lool. Mi ngi dend ak bu ñoom Badu. Dafa mag, yaa. Am na tablo bu wert bu tafu ci miir bu mboq. Suba su nekk, ab elew dafay fomp tablo bi.

Sunu muse dafa bind ci tablo bi ay araf ak ay lim. Ci ndeyjoor, dañu fa def ay nataalu bàyyima kër. Ci càmmooñ, ñu def fa ay nataalu rabi àll. Am nanu ñaar-fukki taabal-baŋ yu toppante ci ñetti raŋ. Taabal bu nekk ñaari elew a ci toog. Sama taabal mooy bi jëkk ci ñaareelu raŋ bi. Ci ginnaaw raŋ gu mujj bi, benn armuwaar bu ngandee fa ne. Yaatuwaayam tollu na ni sama ñaari yoxo yu ma tàllal. Foofu la sunu muse di denc ay jumtukaayu paj, ay téere ak ay fowukaay. Dañu leen di jëfandikoo ci xam-xamu làkk.

Suba su nekk, danuy setal sunu kalaas, balaa nuy tàmbali jàng. Su nu noppee, raxas sunuy yoxo, laata nuy toog.
Sunu kalaas dafa set, féex, neex !

## I. Ma tekki

### a. Ma mottali

1. Sottil kàddu gi te dugal ci baat yi war : bees, saf, loxo, kalaas.

Kalaas bu ............. bi dafa ko .......... .

2. Sottil kàddu gi te dugal ci baat yi war : bees, setal, door, balaa.

Danu war a ............. sunu kalaas ............. noo .......... njàng mi.

### b. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu yi ci sa kaye.

1. | set | kalaas bi | Sunu | dafa | wecc. |

2. | ci kanam | Majigeen | Taabal-baŋu | féete. | la |

### c. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

Baat bu nekk ci yii ci suuf, bindal bu bokk tekki ak moom ci sa kaye.

sàppe jëkk

- **Baat yu woroo**

Baat bu nekk ci yii ci suuf, bindal bu woroo tekkin ak moom ci sa kaye.

dénc yaatu

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

Tontul laaj yii :

1. Lan la muse bi bind ci tablo bi ?
2. Lan moo nekk ci ginnaaw raŋ gu mujj gi ?
3. Majigeen elew la walla jàngalekat la ? Lu la ko xamal ?
4. Ñaata elew ñoo nekk ci kalaasu ñoom Majigeen ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Suba su nekk, elew yi woy bàkku réew mi.
2. Suba su nekk, muse tànn benn elew mu fomp taabal ji.
3. Ab elew dina fomp tablo bi suba su nekk.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi te mu ànd ak nga settantal baat yi ak kàddu yi. Na nga bàyyi xel it bu baax ci tomb yi.



# Ngénte ca kër ñoom Mari

Tey, sama rakk lañuy ngénte. Sama pàppa jënd na kuuy mu weex mu ngande. Dafa am béjjen yu rëy te lunk.

Ci wetu waañ wi, ay mbana yu fees ak laax ñoo tege ci kow ay taal. Aka xeeñ neex !

Sama yaay moom def na darab bu bees ci lalam. Solal na sama rakk yére bu rafet bu baxa. Dafa ko laxase séru rabal.

Fukki waxtu ci suba jot na, dañuy tudd leegi. Bàjjan Aana moo téye liir bi, toog ci basaŋ, jàkkaarloo ak ilimaan ji. Sama yaay moo toog ci wetam, sol mbubbam mu rafet, mu ànd ak musóor ga.
Ilimaan ji sëgg na ci liir bi, am baat yu mu wax ci suuf. Bi mu noppee, dafa wax ci kow : « tudde nañu ko Ñoxor ».

Nees kiisi, ñu séddale laaxi ndékki yi ci palaat yu weex. Ceebu yàpp lañu joxe añ. Ñu noppi, séddale ay mbuus yu def ndox, liminaat ak ay meññeef.
Ngénte li neexoon na lool.

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**mbana :** cin lu réy lu nuy togge (bu xew amee).
**rabal :** piis bu ñu ràbb ak loxo.
**meññeef :** doom yu dem ba ñor ci garab.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| neexoon | lool. | na | Ngénte li |
|---|---|---|---|

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

rafet téye

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

kow sol

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**baxa, xonq, weex, béjjen**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Lan la pàppa xale yi jënd ?
2. Kan moo téye liir bi ?
3. Kan lañu tudde liir bi ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Ceebu jën ak domodaa lañu joxe añ.
2. Ceebu soosu yàpp ak suweer lañu joxe añ.
3. Ceebu yàpp lañu joxe añ.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Ban xew-xew la nataal bi màndargaal ?
2. Lan la yaay ji def ?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Liir bi jigeen la walla góor la ? Lu koy wone ?
2. Ndax laax yi ak añ bi ñoo bokk waxtu wi nu leen di séddale ?
3. Ndax ngénte li amoon na làng ca ngoon ga ?

## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(bi, laax, béjjen, ndax, weex, téye)

Xar mi dafa am ....... yu rëy te lunk.
Bàjjan ................moo ............ liir bi.
Ñu séddale ..... yi ci palaat yu ....... .

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Nit ñaa ngi taxaw di lekk laax.
2. Nit ñaa ngi toog di lekk laax.
3. Nit ñi lekkuñu laax.

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

Lan mooy njariñu ñakk ?

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, melool li ñu solal liir bi ci ngénte li.




# Kermeesu ekool

Ekool Waali Fata dafay amal ab kermees. Def nañu ay mbaar ca ëtt bu yaatu ba. Ca biir, mu am ay po yu bare ak ay lekk. Mari ak ay xaritam bëgg nañu fo te gàddu it ay ndam.
Mari ne : « Damay dem ca rawante saaku ba ! ».

Noona, mu dugg ci benn saaku, tàmbalee tëb, moom aki xaritam. Moo jëkk a àgg, am benn poñ.

Leegi, ci powu buum mi lañu dem. Mari aki xaritam di xëcc buum gi ci wet gii, Badu ak yeneeni xale di xëcc ca wet ga ca des. Ñoom Badu mujj ne mbëpp ci suuf. Ñàkk nañu ! Ginnaaw bi, Wiktoor ne Mari : « Xoolal ! ». Ci la ko joxoñe powum ndox ak doomi siddeem mu xumb. Xale yi di fo, di tëb, bég lool. Ñoom Mari am fa sax ndam.

Leegi nag, mi ngi guddi, waxtu dem wuti liminaat ju sedd ak lekk yu neex jot na. Xale ya dem am lu ñu fa ñam.
Bii kermees a xumb te neex !

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**gàddu :** jël, fab.
**joxoñ :** wone dara ak sa baaraam.
**mbëpp :** daanu bu gaaw, tekk sa ñaari yoxo (loxo) ci suuf.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **rawante** | **dem** | **Damay** | **saaku** | **ba.** | **ca** |

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

xëcc ñam

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

sedd kontaan

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**po, xumb, ekool, sareet, kermees**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Man po la Mari doon def ?
2. Lan lañu defar ca ëttu ekool ba ?
3. Ku Mari bokkaloon doon xëcc buum ga ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Ñoom Badu ànd nañu toog ci suuf.
2. Ñoom Badoo ànd ne mbëpp ci suuf.
3. Ñoom Badu mujj nañu di bërëŋu ci suuf.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Nu ëttu ekool bi mel ci nataal bi ?
2. Ñaari xalé yi ci càmmoon ci nataal bi ci la lañu dugg?
3. Ndax am na yeneen xale ? Lan lañuy def ?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Ñoom Mari dañu lajj walla dañu am ndam ? Lu koy firndeel ?
2. Lu waral kermeesu ekool bi neex ?
3. Mari dafa yéex lool. Dëgg la am déet ? Luy firndeel sa tontu ?


## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

( buy, ndox, joxoñ, doomi, bég, tëb, )

Wiktoor.....na Mari powum....ak ...siddeem.
Xale yi dañu .....,di fo, di...., di ree.

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Xale yaa ngi rawante
2. Xale yaa ngi tëb.
3. Ki sol lu ñuul moo raw.

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, melool kermees walla xumbte boo mas a fekke.

## Laaj yi ak liggeey yi

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | lañu | ceebu | joxe | soos |
| 2 | neexoon | dafa | kermees bi | Sunu |

#### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat bi ci bokkul te bind ko ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | kuuy, xar, wajan, tëng, béjjen |
| 2 | bég, reetaan, nelaw, fo, tëb |

### II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

#### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Kan moo téye liir bi ? | a. ilimaan ji la | b. yaay jila | c. bàjjan bi la |
| 2. Nan la darab bi ñu lal mel ? | a. Dafamàgget | b. Dafa ñaaw | c. Dafa bees |

*Ci ñaareelu jukki bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Lan la ekool bi di amal jamonoy bër ? | a. **simb** | b. **ngonnal** | c. **kermees** |
| 2. Kan lanuy jox neexal ci po mi ? | a. **Ku bokk ci po mi.** | b. **Ku am ay poñ.** | c. **Ku def ay po yu bare.** |

## b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. kuuy mu ngande te am béjjen la pàppa xale yi jënd.
2. kuuy mu ngande te am béjjen la ilimaan indaale.
3. Ci kermees bi, def nañu powu buum ak rawante saaku.

## c. Ma wax li ma jàpp

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee, nga wax li nga ci jànge.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, biralal bu ci ne ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ñaari kàddu ci sa kaye tàggatu, melool ci xew-xewu kermees bi.



# Dëkk bu dal

Téy ci suba, madam Jàllo xamal na xale yi fi mu jóge. Muy dëkk bu ñuy wax Jaafara. Dëkku nappkat la bu nekk ci wetu ag dex. Ekool ba dafa bees. Jaafara amul tali godoroŋ. Wenn xàll doŋŋ, wu yaatu am suuf, moo jaar ci digg ba.

Yenn garab yu sëq yu néew lañu jëmbat ci yenn mbedd yi. Am na yeneen ci biir kër yi, dende ak garabi ron yu àgg ca kaw. Ngelaw lu féex liy jóge ci dex gi mooy wàññi tàngaayu bëccëg bi. Dëkk bi amul coow. Suba si, doo fi dégg xaj yuy baw walla nag yuy nàññ walla mbaam yuy ŋaax. Mala yi, ca àll ba lañuy yendu.

Leeg-leeg rekk, nga dégg mbote yi yeewe ci kër yi di meem. Bëccëg bi, ay góor yu mage dinañu toog ci suufu mbaar yi, di defaraat ay mbaal. Jigeen ñi ñoom dañuy defar keccax. Góor ñi ak jigeen ñi tollu ci seen digg doole dañuy dem nappi. Bu ñu dellusee, séddale jën yi. Ci waxtu woowu, la toggum reer di soog a door.

Dëkk bu ndaw la, wànte béreb bu neex a nekk la.

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**xàll :** yoon wu mag te yaa.
**nàññ :** yuuxu. Nag mooy nàññ.
**féex :** sedd.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| ba | àll | yendu. | ca | lañuy | Mala | ya |
|---|---|---|---|---|---|---|

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   wetu door

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   tabax penku

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**guddi, suba, faju, waxtu, fajar, ngoon**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Kan moo dëkk Jaafara ?
2. Kañ la ñi nappiwoon di dellusi ?
3. Bëccëg bi, fu mag ñi di toog ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Dëkk bi sore na dex gi.
2. Dëkk bi dafa bari coow.
3. Dëkk bi ci wetu dexla nekk.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Nu dëkk bi mel ci wallu garab ?
2. Lanmooy firndeel ci nataal bi ne dëkku nappkat la?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Lu tax dëkk bi bariwul yuuxuy mala ?
2. Lan moo tax Jaafara féex ?

## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(amul, godoroŋ, xàll)

Jaafara.................tali............ .

(àgg, gaal, ron, gi)

garabi ....... yi dañu.........ca kaw.

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Bu ñu dellusee séddale jën yi.
2. Dëkk bu ndaw a ci wetu ndex.
3. Ekool bi dafa bees.

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, melool seen dëkk.



# Xale bu jar a roy

Ci guney gox bi, waa kër Omar wuute nañu lool ak waa kër Makura. Ñooñu dañu doy waar lool, dëgër bopp. Badu moom, doomu Omar, juroom-ñetti at rekk la am, waaye ñépp a ko xam ci yaru. Dafa déggal ay waajuram. Su génnee këram, noonu lay mel itam ak mag ñi.

Moom ak seexam Mari bokk nañu ci ñi dàq a jàng ci seen kalaas. Su wàccee ekool, du nekk di wëraalu ci mbedd yi. Su ko xaritam yi bëggee téye ci futbal bi, dafa leen naan, dafay jàngi ay lesoŋam. Su ekool tëjee, Duudu dafay dem Kawlax, ca nijaayam. Badu ak Mari dañuy des ak seeni waajur. Dañu leen di dimbale ci tool yi, ndax ñoom dañoo amul surga.

Mari mooy téye jumtukaay yu woyof yi. Badu dem kër ga, jëli añ. Bés yi ñu demul tool, dañuy nafar ci seeni téere. Badu xale bu baax la, bu yaru te nite. Dafa am yërmànde ci baayam, fonk yaayam. Dafa leen di dimbale ci liggeeyu kër gi ni ko seexam bu jigeen bi di defe.

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**surga :** nit ku koy jàppale ci liggeeyi tool bi.
**yërmànde :** xol bu baax.
**nite :** nit kuy def lu ñépp di kontaan.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Badu ak Mari** | **seeni waajur.** | **dañuy** | **des** | **ak** |

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

wakaas dellu

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

bëccëg reew

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**taxawaalu, dimbale, yërëm, fonk**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Kan mooy dem kër ga, jëli añ ?
2. Ñaata at la Badu am ?
3. Waa kër Makura ñan lañu la wuuteel ci koñ bi ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Dafa am yërmànde ci maamam ju màggat ji.
2. Dafa am yërmànde ci baayam ak a yaayam.
3. Dafa am yërmànde ci magam ju màggat ji.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Kan ak kan ñoo nekk ci nataal bi ?
2. Xale bu góor bi lan lay def ?
3. Lan moo dàqal Badu futbal ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Ban liggeey la baayu Badu di def ?
2. Diggante Duudu ak Badu ku ci gën a yërëm say waajur ?
3. Lu waral Mari ak Badu di jàng ci wakaas yi ?

### c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(Badu, Mari, tool, des)

.......ak.......danuy..........seen kër.

(liggeey, dimbale, baayam)

Dafa fonk yaayaam ak...., di leen ....... .

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas arafu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Badu mu ngi jàppale pàppaam.
2. Badu jàppale wul pàppaam.
1. Badu mu ngi jàppale yaayam.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, melool nit koo xam.

## Laaj yi ak liggeey yi

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | bi | amul | Dëkk | coow. | | |
| 2 | ñu | ak | Badu | Mari | lañu. | yaru |

#### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat bi ci bokkul te bind ko ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | mbaal, tool, keccax, jën, nappkat |
| 2 | Kaye, lesoŋ, kalaas, futbal, ekool |

### II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

#### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

**Laaj yi :** **Tontu yi :**

1. Ñi dëkk Jaafara lu ñuy liggeey ? — a. **mbey** b. **Gàmm** c. **napp**
2. Su oto di dem Jaafara yoon wu mel nan lay jaar ? — a. **Tali lay jaar** b. **Xàll lay jaar** c. **Dex lay jaar**

*Ci ñaareelu jukki bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Gox bi Badu dëkk lu ñu ko xamal ? | a. reew | b. yar | c. noppi |
| 2. Lu waral Badu di jàngi bañ a dem futbali ? | a. tàyyeel | b. bëgg a am xaalis | c. bëgg a jiitu |

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. Jaafara dëkk bu am liggeey la.
2. Mari mooy magi Badu.
3. Jaafara kenn du fa dégg coow.
4. Badu mooy seexu Mari.

### c. Ma wax li ma jàpp

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee, nga wax li nga ci jànge.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga  jàng ci ayu-bés gi, biralal bu ci ne ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ñaari kàddu ci sa kaye tàggatu, melool benn dëkk bu dal.



# Gox bu naat

Sunu gox am na menn pénc ca digg ba. Ñi dëkk ci gox bi dañu fay ñëw di feexlu ak seen ay doom. Ci buntu bayaal bi, ci sa ndeyjoor, dañu fa def ay baŋ ak jumtukaayi powum xale. Ci sa càmmooñ, ñu def fa benn bayaal bu naat. Ci diggu baayal bi, am na  guy gu mag gu am ay tóor-tóor yu mboq ak yu weex. Yenn elewi sunu ekool dañuy wax ne, su tóor-tóori garab yi génnee, loolu mooy méngoo ak njeextel at mi.

Ci yoon yi, ay tóor-tóor yu rafet ngay gis, ñuy naaw tiim tooli bisaab yi. Am na itam ay njëmbati naana, ngun-ngun, persi ak salaat yu fa jigeeni kaàrce bi def.

Dañu leen di jaay. Xaalis bi ñu ciy am lañuy defare béreb bi. Picc yi dañuy tàgg ci kow garab yi. Suba gi, su lépp nee tekk, dañu leen di dégg ñuy woy. Xet gu neex ak péex mu sedd nga fay yëg. Rawatina su sàrdiñee bi di suuxat garab yi. Bu guddee, làmp yi tàngaayu jant bi di taal ñooy leeral bayaal bi ak leer gu neex ci bët.
Fii moo ne selaw te neex !

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**bayaal bi :** palaas bu yaatu buy faral di nekk ci diggu dëkk
**méngoo :** niroo, tolloo.
**ngun-ngun :** xeetu ñax la gu am xet gu neex, mel ni naanaa.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| Gox | am | bi | am | na |
|---|---|---|---|---|

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

suuxat méngoo

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

selaw njeexte

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**tàngaay, ngelaw lu neex, péex, sedd**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Lu am ci diggu gox bi ?
2. Fan la picc yi di tàgg ?
3. Bëccëg bi fu mag ñi di toog ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Gox bi naatul.
2. Xaalis bi ñu ci ame duñu ko defare béreb bi.
3. Xet gu neex ak péex mu sedd nga fay yëg.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Nan la gox bi mel ci nataal bi?
2. Lu fa am ci nataal bi?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Gox bi nu mu mel ?
2. Noo xalaat ni moom lañuy def ba mu mel noonu ?
3. Gox bu neex a dëkk lañuy misaal ; lu koy wone ?

## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(Picc yi, kow, garab, tàgg)

...dañuy ...ci ... ... yi.

(gox, sunu, pénc, am)

Ci ...diggu..., ...na menn... .

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/ àrduwaas arafu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Ci sunu diggu gox, am na am picc.
2. Picc yi dañuy tàgg ci kow garab yi.
3. Ci sa cammooñ, am na bayaal bu naat.

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/ àrduwaas, nga melool sa koñ.



# Golo yi sax jommi nañu

Benn bés, Golo gu jigeen ak Golo gu góor dañu rëcce ca pàkku rabu àll ba ca Aan. Noona, ñu ne : « Xaaral nu dem seeti ni nit ñi di dunde fa ñu dëkk. Nun kat xamunu lu dul sunu pàkk bu xat bi. ».

Naka ñu génn rekk, gis dëkk bi ni mu tilime. Ñuy dox ci mbedd yi, gis mbuusi palaastig yi ne gàññ. Yii di naaw, yii di tag ci banti garab yi, yee ngelaw di leen dajale ba ñu def jal yu tilim te ñaaw.

Ñu dox tuuti, jaar ci yoon wu nekk ci seen ndeyjoor. Foofa la ñu gis ay neefarey fas yu xasaw, tasaaroo ci guddaay bu ëpp téeméeri meetar. Li leen gën a waaruloo mooy jali mbalit yi nekk ci wetu otoruut bi. Mu di ay kartoŋ yu jalu, desiti lekk yu tàmbalee nëb, ay ndab yu yàqu. Weñ yi di naaw fu ne. Am na ay sax yu ngànde yu tag ci yenn jali lekk yi.

Golo yi jaaxle, ne : « Waaw, lu nu doon xoole ba nit ñu tilime nii dugal nu, tëj nu ci biir kaaf ? Jommi wu leen ? ».

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**gàññ (ne) :** lu bare lool.
**neefare :** puubu bàyyima, fii puubu fas la.
**kaaf :** fi ñuy denc mala yi ak rabi àll yi, fii mooy fi ñuy denc golo.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **lañu** | **pàkku** | **Golo yi** | **Aan** | **dëkk.** |

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

xaar mbedd

- **Baat yu woroo**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

tëj xool

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**ekool, mbalit, mbuusi palaastig, tilim**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Fan la golo yi nekkoon ?
2. Lan la golo yi gis ci biti ?
3. Lan moo leen gën a waaruloo bi ñu génnee ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Naka ñu génn rekk, gis dëkk bi ni mu sete.
2. Naka ñu génn rekk, gis dëkk bi ni mu tilime.
3. Naka ñu génn rekk, gis dëkk bi ni mu xumbe.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Ñan ñoo nekk ci nataalu jukki bi ?
2. Lu ñuy def ?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Jan jamono la golo yi rëcce ci pàkku rabu àll yi?
2. Ndax golo yi jot nañu tuuri mbalit mi ?
3. lan moo waral ñu tudde jukki bi «Golo yi sax jommi nañu» ?

## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(sete, sànni, sax, tilime, lekk, nëb)

Gisal dëkk bi ni mu ......... .

Ci wetu otoruut bi, nit ñi ........ nañu fa desiti lekk yu ...... .

Ay ...... yu ngànde tag nañu ci jali ....... yi.

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal

Bindal ci sa kaye/àrduwaas arafu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.



1. Golo gu jigeen ak golo gu góor ñoo ngi doxantu ci mbedd mi, taf seeni bakkan.
2. Golo gu jigeen ak golo gu góor jaaxle nañu ci jalu mbalit mi ci mbedd mi.
3. Golo gu góor ak golo gu jigeen ñoo ngi bale mbalit mi ci mbedd mi.

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, buy melool tilim ji ci mbedd mi.

# Laaj yi ak liggeey yi

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | làmp yi | jant bi | Ci tàngaayu | la | di dox. |
| 2 | dañoo | di wër | rëcc | Golo yi | dëkk bi. |

### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat bi ci bokkul te bind ko ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | xat, pàkk, tej, jaaxle, lfo |
| 2 | sax, wér, mbalit, gunoor, weñ |

## II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Ñaata golo ñoo rëcce ci pàkk bi ? | a. ñett | b. benn | c. ñaar |
| 2. Nu golo yi defe woon ne na la dëkku nit ñi mel? | a. tilim | b. set, rafet | c. ñaaw |

*Ci ñaareelu jukki bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Ñan ñooy jaay lujum yiy ñore ci tool bi ? | a. góor ñi | b. jigeen ñi | c. xale yi |
| 2. Lan mooy wone ni gox bi neex na ci xale yi ? | a. baŋ yi | b. fowukaay yi | c. làmp yi |

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. Mbalit yi ñooy jali kartoŋ, desiti lekk yu nëb, ak ndab yu yàqu.
2. Ay tóor-tóor yu ñaaw ngay gis.
3. Mbalit yi ñooy jali kartoŋ, desiti lekk ak welo yu yàqu.
4. Ci yoon yi, ay tóor-tóor yu rafet ngay gis ñuy naaw.

### c. Ma wax li ma jàpp

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee nga wax li nga ci jànge.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayubés gi, biralal bu ci ne ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ñaari kàddu ci sa kaye tàggatu, melool naka la kàrce bi nga bëgg war a mel.



# Woppu-yaha wóorul

Ay at a ngii, sàmmkat yi ci dëkki kaw gi dañuy jël ab oto bu ñu tudde oto Woppu-yaha, di dem luuma ak luuma. Dañu leen di jariñoo ngir tukki ak def bagaas. Bi ñu koy jënd, benn kabin rekk lay am, ànd ak genn kees gu yaa ci ginnaaw.

Dañu leen di soppi neneen, ngir dem ci màrse yi ak dugal ci njaay mi. Dañu ciy yokk ay baŋ ak mbaar. Su ñuy tukki, mala yi, nit ñi ak bagaas yépp ay jaxasoo ci biir kees gi. Loolu wóorul dara.

Yenn saa yi, nit ñi booru, yéeg ci kaw kabin yi, toog ca.

Su ñuy dem luuma, xar ak béy lañuy def ci biir kees gi, ngir jaayi leen. Bu ñuy ñibbisi, ay saaku njaay ñoo fay nekk. Lépp lañuy boole, suukar, ceeb ak ay saaku lekku mala.

Li ci gën a yéeme mooy ci oto yooyu la jigeen ñi, liir yi, xale yi, mag ak màggat, sàmmkat yi am ak yi ñàkk, ñépp ñooy bokk toog. Wóorul dara nag, ndax dafay faral di indi aksidaŋ. Looloo tax, lu nu yàkkamti it, sama pàppa dafa naan du ci dugal mukk doomam.

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

## Baat yu jafe yi

**Woppu-yaha :** « bàyyil mu dem » ; baatu làkku Pulaar la.
**luuma :** màrse yu ñuy amal ci dëkki kow yi.
**yàkkamti :** di gaawtu ci looy def.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **dañu ciy tukki** | **Woppu-yaha** | **ay bagaas.** | **di ci def** |

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   yéeg toog

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   dugg dem

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**xar, nag, sareet, béy, gëleem.**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Fan la mala yi di nekk ci oto Woppu-yaha bi ?
2. Lu pàppay xale yi wax ci Woppu-yaha ?
3. Lu ñuy yokk ci oto Woppu-yaha bi ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Nit ñi xar yi béy yi ak bagaas yi ñooy jaxasoo ci oto bi.
2. Nit ñi xar yi sëllu yi ak saaku yi ñooy jaxasoo ci oto bi.
3. Nit ñi nag yi béy yi ak bagaas yi ñooy jaxasoo ci oto bi.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Lu xale yi nekk ci nataalu jukki bi di def ?
2. Naka la nit ñi nekke ci oto bi ?
3. Fan la jur gi nekk ci oto bi ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Lu waral tukki ci oto Woppu-yaha wóorul ?
2. Lu tax béy yi ak xar yi waruñu woon a nekk ak nit ñi ?
3. Lu tax pàppay xale yi du dugal doomam ci Woppu-yaha ?

### c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(soppi, nit, dugal, dem)

Dañu leen di.....neneen ngir.....ci seen ay xar .

Mala yi ak...ñi ñooy nekk ci biir oto bi.

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal

Bindal ci sa kaye/ àrduwaas arafu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Xar maa ngi ci kow oto bi.
2. Jigeen a ngi ci biir oto bi.
3. Nit a toog ci kow oto bi.




### e. Ma wax li ma jàpp


Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal ci sa kaye genn kàddu guy melool oto Woppu-yaha.



# Tukki ak sareet

Ayubés gu nekk, dëkk bi dafay am màrse bu ñuy tudde luuma. Tey dibeer la, mooy bésu luuma fii ci Mbirkilaan. Sareet yaa ngiy ñëw, di jóge fu nekk, ci dëkk yi ko wër yépp. Yenn sareet yi fas yee leen di xëcc, yeneen ñu takk leen ci ay mbaam. Sareet yi dañu fees dell ak xeeti njaay yu nekk : dugub, ñebbe, ceeb, ganaar, ak ay béy. Sareet yi lu ñu fees-fees ak ay bagaas, du tere ñu yeb ca ay nit. Am na ñu toog ci wet yi, seen tànk di lang. Dawalkati sareet yi ñooy toog ci kanam. Am na sax ay dawalkat yuy dox di dawal ndax sareet yu fees. Ñeneen ñi sax dañuy dawandoo ak seen sareet. Yoon yi baaxul nag tax na ba yenn saa yi bagaas daanu. Yenn saa yi sax nit ñi ñooy daanu. Am na ay fas yuy màmm. Su ko defee , sareet yi këppu ci yoon wi. Ñiy daanu dañuy gaañu yenn saa yi.

Su ngoon jotee, sareet yi dañuy delluwaat, ñibbi. Waaye daal, lu wóoradi la.

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**Mbirkilaan :** Turu dëkk la, soriwul Kafrin.
**màmm :** Fas wuy daw te kenn manu koo taxawloo.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| luuma | mooy | Mbirkilaan. | Dibeer |
|---|---|---|---|

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

këppu yeb

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

kanam ñëw

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**dugub, ceeb, fas, ñebbe, gerte, mboq**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Ban bés mooy luuma Mbirkilaan ?
2. Yan njaay ñoo am ci sareet yi ?
3. Kañ la sareet yi di delluwaat ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Tukki ci sareet bu sëf bagaas yu bari wóor na.
2. Ñiy daanu dañuy gaañu yenn saa yi.
3. Luuma Mbirkilaan talaata la.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Lu nekk ci nataal bi ?
2. Lan ngay ragal ci sareet yi ?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Loo xalaat ci sareet yi ñu def ay nit ak ay njaay ?
2. Lu nu war a moytu ci sareet yu fees yi ?
3. Lan nga xalaat ne moo ko mën a dindi ?

## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.


(saa, daanu, gaañu)

Ñiy ...... dañuy ...... yenn .... yi.

(xeeti, yi, yu, fees)

Sareet .... dañu ..... ak .... njaay .... nekk .

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/ àrduwaas arafu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Nit ñi langaluñu seen i tànk.
2. Am na ñu toog ci wet yi, seen tànk di lang.
3. Nit ñi dañu taxaw ci kow sareet bi.

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, melool ci ab sareet.

## Laaj yi ak liggeey yi

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | bi | fees na | Sareet | dell. |
| 2 | toog. | kabin bi | Ci kaw | la |

#### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat bi ci bokkul te bind ko ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | mbaam, daanu, làmp, màmm, fas |
| 2 | bagaas, kees, kabin, oto, neex |

### II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

#### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Fan la dawalkat bi di toog ? | a. ci digg bi | b. ci ginnaaw | c. ci kanam |
| 2. Fasu sareet nu muy war a mel ? | a. tuuti | b. am doole | c. sew |

*Ci ñaareelu jukki bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Lan lañuy yokk ci keesu Woppu-yaha ? | a. **toogu** | b. **bagaas** | c. **baŋ ak mbaar** |
| 2. Fan ci Senegaal moo am Woppu-yaha ? | a. **réew-taax** | b. **kaw gi** | c. **Dakaar** |

## b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. Yoon yi dañoo baax ba yenn saa yi bagaas yi daanu.
2. Su ñuy tukki, mala yi, nit ñi ak bagaas yépp ay jaxasoo.
3. Yoon yi baaxul tax na ba yenn saa yi bagaas yi dañuy daanu.
4. Su ñuy tukki, mala yi, nit ñi ak jur gi duñu jaxasoo.

## c. Ma wax li ma jàpp

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee, nga wax li nga ci jànge.


Waxal li nga jànge ci jukki yi.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga  jàng ci ayubés gi, biralal bu ci ne ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ñaari kàddu ci sa kaye tàggatu, melool ab oto bu rafet.



# Woykat bu mag

Maam Nogoy a ngi toog ci basaŋ gu ñu nataal ay rëdd yu rafet. Dafay tànn ceebu Waalo. Ci wetam, sëtam Maree ngiy seetaat jumtukaayi ekoolam. Mi ngi woyaale wenn woyu Kura Sàmb wu siiw a siiw. Saa su Maam Nogoy déggee sëtam woy, dafay woyandoo ak moom. Ñoom ñaar ñépp dañoo sopp woykat bu jigeen bu siiw boobu.

Kuraa ngi bokk ci këru géwel gu mag, Santam wi wone na ko. Yaayam dafa ko dénkoon tàntaam ngir mu toppatoo ko te yar ko bu baax. Ku am jom la woon. Bés yi mu jàngiwul, daan na wutil seen waakër ndox ca robine gox ba. Bu yenuwaan, daa nga gis sax kawaram gu sëq ga muy lang. Ñépp a doon coow ñuulaayam ak melokaanam wu rafet wi.

Ku bare jàmm la woon. Foo ko gisaan, dafa daan ree. Ku doon won yar mag ñi mu daan dajeel la. Baatam a ngi neexe ni baatu yaayam. Dafa teel a woy. Bi mu amee fukki at ak juroom- ñett, la am ndam ci joŋante bu rëy. Woy wi mu woy jàngalekat yu Senegaal moo ko siiwal ci bitim réew.

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**melokaan :** ni ñuy xàmmee dara nu mu mel.
**joŋante :** xëccoo, rawante.
**sopp :** bëgg dara walla nit.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Yaayam** | **tàntaam** | **dénkoon** | **La ko** |

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

jàmm siiw

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

ñuulaay rafet

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**joŋante, woy, fas, ndam, géwel, siiw**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Bi Kura Sàmb di door woy, ñaata at la amoon ?
2. Ci ban joŋante la Kura Sàmb amoon ndam ?
3. Kañ la Kura Sàmb daan wutali seen waakër ndox ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Ku bare jàmm la, foo ko fekk, dafay xool.
2. Ku bare ay la, foo ko gis, du ree.
3. Ku bare jàmm la, foo ko gis, dafay ree.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Ñan ñoo nekk ci nataal bi?
2. Lan lañuy def?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Kan moo jàngal Kura Sàmb woy ?
2. Lu waral Kura nekk royukaay ?

## c. Ma mottali


Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(mag, won, mel, bëgg, awu)

Maam Nogoy dafay ............ sëtam.

Baatu Kuraaa ngi....ni bu yaayam.

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/ àrduwaas arafu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Kura Sàmb xale bu ndaw la.
2. Kura Sàmb dafa nekk xale.
3. Kura Sàmb dafa bëgg xale.

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, melool benn woykat boo xam.

**Sabab** :

Ki lay jàppale ci njàng dafa la bëg a waajal ci ab joŋante. Jox na la jukki bi ci suuf ak ay laaj.

**Ndigal** :

Yelul jukki bi, jéem a dégg li ñu ci wax te tontu ci liggeey ak laaj yi.

# Simb Gaynde

Ekool tëj na. Xale yee ngi noppalu. Téy, dafa am simb su rëy ci seen koñ. Ci ngoon si, pénc mi fees dell. Foo tollu dégg sabar yi. Ay góor ak ay jigeen a ngiy dugg ak di génn ci kër gi gaynde yi di waaje.
Bi gaynde yiy génn, ñi ngi ànd ak jatkat bu jigeen ak bu góor. Jatkat yi ñoo yilif gaynde yi.

Xale yi toog nañu ci kanam. Wiktoor gis gaynde yi rekk, tàmbalee pat-pati, xulli bët yi. Faana, xaritam yërëm ko, may ko ab laar bi mooy buy tax gaynde yi duñu ko jàpp. Moom Faana dafa am jafe-jafe dox. Ci poliyo la ko jële. Xaw na yéex, waaye ku yeewu la te am fit.

Bi gaynde gu mag gi nee bëret, ñi amul laar ñépp daw. Gaynde gu ngande la te soxor. Bu ŋaaŋee, foo tollu di seen sell yi. We yi dafa gudd, ñaw ni lañset. Céq maa ngi lang ci suuf. Karaw gu sëq la. Gaynde gu jigeen gi, moom, dafay diri ñi mu jàpp ci digg géew bi, di ŋar. Jatkat yi rekk a mujj dimbali xale yi. Ñoo jat gaynde yi ba ñu ne nemm, bàyyi ñépp.

## I. Ma tekki

### a. Ma mottali

1. Sottil kàddu gi te dugal ci baat yi war : sell – dàll - rëy - gudd

Gaynde gu ..........la, am .......... yu ............ .

2. Sottil kàddu gi te dugal ci baat yi war : pat-pati, muus, tëll, teew, gaynde

..............yi dañu ni .............., Wiktoor di .............. .

### b. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu yi ci sa kaye.

1. | laar. | Faana | na | Wiktoor | may |

2. | dafa | gaynde | We | ñaw. | yi |

### c. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

Baat bu nekk ci yii ci suuf, bindal bu bokk tekki ak moom ci sa kaye.

noppalu diri

- **Baat yu woroo**

Baat bu nekk ci yii ci suuf, bindal bu woroo tekkin ak moom ci sa kaye.

jàpp ŋaaŋ

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

Tontul laaj yi :

1. Fan la jigeen ñi ak góor ñi di dugg ak a génn ?
2. Ñan ñooy kilifay gaynde yi ?
3. Ku bañ gaynde yi sonal la loo war a def ?
4. Ndax Wiktoor ñeme na am déet. Lu koy firndeel ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Jatkat yi ñoo tax gaynde yi bàyyi ñi am laar.
2. Jatkat yi ñoo tax gaynde yi jàpp ñi amul laar.
3. Jatkat yi ñoo tax gaynde yi bàyyi ñi amul laar.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi te nga settantal baat yi ak kàddu yi. Na nga bàyyi xel it bu baax ci tomb yi.



# Soo bëggee doon futbalkat bu mag...

Góor gu mas a nekk futbalkat bu mag dafa doon waxtaan ak doomam ju am juroom-ñetti at te bëgg futbal lool. Dafa ne ko : « Soo bëggee doon futbalkat bés boo nekkee mag, lii nga war a def :

- Jàngal ni ñuy dóore bal mu jub dem fi nga bëgg. Tàmbalil ak bal bu woyof.
- Soo noppee, nga fexe di tël bal bi ci bii tànk ak ci bi ci des.
- Nga dawal bal bi, di ko joŋante ci sa diggante ñaari tànk yi, fexe mu bañ laa rëcc.
- Àndal ak say xarit, jàng noo mën a yore bal bi di duut ak nooy mbiije.
- Su bal bi nekkee ci sa tànk ngay daw, bul wéy di xool bal bi foo tollu.
- Danga war a siggi di gis fi nga jëm ak fi ñi nga faral nekk.
- Jàngal ni ngay joxee bal ñi nga faral.
- Jàngal ni ñuy dóore bal bu ñu teg.
- Sooy jot bal bu ñu la jox, wàññil doole ji muy ñëwe ; waroo laal bal bi ak say loxo.
- Jàngal ni ñuy dóore penaaltii. ».

Leegi nag, mën ngaa tàmbalee noonu.

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**tël :** yor bal ci say tànk muy tëb di dellusi ay yoon i yoon.
**mbiij :** wëlbatiku, jàdd bu gaaw.
**penaaltii :** bal bu ñu teg ci kanamu góol war koo tulli.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| dóore bal | ni ñuy | Jàngal | mu jub. |

### b. Ma rààñee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   bañ — daw

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   sëgg — teg

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**penaaltii, dóor, wet, mbaxana, siggi**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Doomi futbalkat bu mag bi ñaata at la am ?
2. Sooy jàng nu ñuy dóore bal, ban bal ngay tànn ?
3. Ñaata tànk lañuy tële bal ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Jàngal nooy tële bal bi ñi nga faral.
2. Jàngal nooy joxee bal bi ñi nga faral.
3. Jàngal nooy joxee bal bi ñi nga faralul.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Fan la nit ñi ci nataal bi nekk ?
2. Ku mag ki lan lay defal ku ndaw ki ?
3. Nu xale bi def ?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Lan la ku mag ki bëgg xale bi nekk ko su màggee ?
2. Ndax su doon yeen a nekkoon xale bi dingeen topp tegtal yi ?
3. Fu xale bi nar a jànge futbal ?

## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(jot, tànk, ñaari, téye, joxantee)

Jàngal nooy .... bal boo .....

Deel... bal bi ci sa diggante ... yi.

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas arafu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Xale baa ngi duut góol bi.
2. Xale baa ngi dóor penaaltii.
3. Xale baa ngi tël bal bi.

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.


Loo xam ci ku bëgg a nekk futbalkat bu mag ?

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, digle nu ñuy def ba doon futbalkat bu mag.



# Nu ñuy def ba doon dawkat bu mag

Tàggat yaram dafay yokk kàttanu xol, dëgaral siddit, indi njaxlaf. Ku nekk mën na ko def te laajul lu dul pasteef ak benn peeru dàll. Soo bëggee doon dawkat bu siiw, fonkal denkaane yii :

- Nanga sax ci tàggat sa yaram.
- Nanga lekk lekk gu wér, baax, te am ndox.
- Nga sol ay dàll yu la jot te méngoo ak fi ngay dawe.
- Sol yére yu baax te woyof lool,
- Jàngal noyyi bu baax, moytu fatt bu gaaw, mbaa nagam,
- Deel tàllal say loxo ba ñu jub, teg leen ni ñu ware,
- bàyyil xel bu baax ci taxawaay bu jub, bañ a weng,
- yamaleel say jéego, di natt ñaata jéego ngay dox simili bu nekk,
- Bul teg sa yaram lu mu àttanul,
- Soo yëgee coono mbaa mettit, wàññil mbaa nga bàyyi,
- Deel déglu ay woy, dina la sawarloo, jox la kàttan,
- Dawal loo àttan, bañ a ëppal, ñetti yoon ci ayu-bés gu nekk dina doy.

Deel xool ni dawkat yu mag yi di def, bu yàggee dinga mën a daw ni ñoom.

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**njaxlaf :** nekk ku yëngatu.
**pasteef :** ku dogu ci li muy def.
**ayu-bés :** bés yi dale altine ba dibeer, bés ba bés dellusi.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| tàggat | Nanga | sa yaram. | sax ci |
|---|---|---|---|

### b. Ma rààñee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

dëgaral        yamale

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

sol        teg

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**coono, bég, metit, fatt, nagam**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Lan mooy njarinu tàggat yaram ?
2. Lan la nekk dawkat bu mag laaj ?
3. Kuy jàng daw, kan la war a roy?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Soo yëgee coono, dawal bul bàyyi.
2. Soo yëgee ;coono solal yëre.
3. Soo yëggee coono, wàññil.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Ki nekk ci nataal bi, lan lay def ?
2. Fan la koy defe ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Ndax dawkat mooy kuy tàggat yaramam ?
2. Boo amee ñaata at nga mën a tàggat sa yaram ?

### c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.


(njar, coono, sawarloo, bànneex, ndox, metit)

Nanga lekk lekk gu baax te di naan ...... mu doy.

Soo yëgee ci sa yaram ........ mbaa aw.......... wàññil.

Sooy déglu ay woy, dina la .................... .

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas arafu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi

1. Jox nañu dawkat bi téere yu bare.
2. Sargal nañu dawkat bi jox ko ay neexal.
3. Takkal nañu dawkat bi ndomba-tànk.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, digal sa xarit lu mu war a def ba mën a daw.

# Laaj yi ak liggeey yi

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | ak doomam. | ngi | Dawkat baa | waxtaan | |
| 2 | na | tàggat | yaramam | mën | nit |

### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat bi ci bokkul te bind ko ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | dawkat, bal, futbalkat, fas |
| 2 | daw, gaaw, joŋante, toog, raw |

## II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Ak ñaata tànk lañu war a tële ? | a. benn kott | b. benn | c. ñaar yépp |
| 2. Ndax futbalkat bu mag bi doon waxtaan ak doomam mu ngi futbal ba leegi ? | a. déedeet | b. waaw | c. waaw bés bu nekk |

*Ci ñaareelu jukki bi* :

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Lan nga war a teg sa yaram ? | a. **Lu metti** | b. **Lu mu àttanul.** | c. **Lu mu àttan.** |
| 2. Tàggat yaram ndax mën naa fegal nit feebar ? | a. **Dina ko feg.** | b. **Amul njariñ.** | c. **Du ko feg.** |

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. Noyyil bu baax, moytu fatt mbaa nagam.
2. Noyyil bu baax, moytu fàtte ba nagam.
3. Jàngal nu ñuy dóore penaaltii.

### c. Ma wax li ma jàpp

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee, nga wax li nga ci jànge.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, biralal bu ci ne ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ci sa kaye genn kàddu, digle ci ni ñuy def ba doon futbalkat bu mag.



# Nu ñuy jëmbate garab ?

Tey bésu jëmbat garab la. Mari dafa bég ndax xam na ni moom ak seexam dinañu ci bokk. Waaye xamul nu ñu koy defe. Mu laaj pàppaam kuy jëmbat garab nu muy def.

Pàppaam ni ko : « Li jëkk mooy nga am jumtukaay. Am na lu bare loo war a def sooy jëmbat garab. Danga koy bind ngir bañ a fàtte.
Ci jumtukaay, dinga soxla peel, bant, takkun, kompos, njëmbat ak ndox.
Ci doxalin yii la :

- Jëkkal a sol ay gaŋ balaa ngay gaañu ci loxo.
- Tàmbalil a gas pax mu yaatu.
- Moytul a jaxase suuf yi ngay jot sooy gas.
- Nooyalal fi pax mi yem ak peel walla pikk.
- Defal komposu sardeñ mbaa tos ci pax mi.
- Génneel njëmbat mi ci pot bi mu nekk, làqarci reen yi.
- Tegal njëmbat mi ak suuf si mu àndal ci diggu pax mi.
- Soo suulee garab gi ba noppi moytul a gaañ reen yi booy samp bant biy téye njëmbat mi.
- Takkal njëmbat mi ci bant bi, fii ak at lañu koy dindi.
- Muural reen yi ak tos, dolli ci suuf te roose.

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**kompos :** lu nuy def ci garab ngir mu teel a màgg.
**làqarci :** firi, tallal (reen yi lemu).

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| ci | mi | Tegtal | diggu | njëmbat | pax mi. |
|---|---|---|---|---|---|

### b. Ma rààñee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   génneel noppi

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.
   dindi tegal

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**bësal, lakkal, Sampal, roosel.**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Ndax Mari mën naa jëmbat garab ?
2. Mari lu mu laaj pàppaam ?
3. Lu ko pàppaam di won ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Daggal reen yi.
2. Tàmbalil a gas pax mu yaatu.
3. Bul ci def ndox.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Ñan ñoo nekk ci nataal bi ?
2. Loo xalaat ci li ñuy def ? Lu tax ?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Loo war a am ngir jëmbat garab ?
2. Looy jëkk a def booy jëmbat garab ? Looy mujj a def ?

## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.


(bësal, noppee, roose, def)

...... ci suuf...., soo ....... nga .......

(tos , kër, sottil, pax )

....... komposu ....... ci .....mi.

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas arafu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Pàppaam dagg na garab gi.
2. Pàppaam ni ko : « Li jëkk mooy nga am jumtukaay ».
3. Pàppaam ne ko : « Jógal fii ».

## e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, digal sa xarit nu muy jëmbate garab.



# Nan lañuy defare tuqusi-ngalam?

Senegaal dafa gañe Poloñ ci joŋante futbal bu 2018 ca Riisi. Dëkk bi yépp génn di wone seen mbégte. Aali ak ay xaritam ne dañuy defar tuqsi-ngalam ngir mën a bokk ci xumb-xumb yi. Tànta Nafi ne dafa leen di jàppale, ne leen : Su ngeen bëggee defar tuqusi-ngalam, nii la : Jumtukaay yii ngeen war a am :

- Pot bu yem bu amul dara bu mën a def liitar.
- Caas gu guddee juroom-benn-fukki sàntimeetar ak benn pont.
- Bant garabu niim bu tooy walla beneen bant bu nu mën a dëngal.
- Bant bu ndaw bu ñaar ba ñetti sàntimeetar buy téye caas gi.

Leegi nag mën nanu tàmbali di boole.

- Bënnal taatu pot bi ci digg bi.
- Dugalal bant bu ndaw bi ci biir pot bi, na féete ak bën-bën bi.
- Takkal bant bu ndaw bi ci caas gi jaarale ko ci biti.
- Xëccal caas gi ba mu daŋ.
- Dugalal catu bantu niim bi ci pot bi ba mu am lu ko téye.
- Wañaaral bant bi takk caas gi ci leneen cat li ba mu dëgër.

Léegi am ngeen seen tuqusi-ngalam. Bu leen neexee ngeen taaral ko.
Wutleen bant bu ndaw te sew bu ngeen di cos ci caas gi.
Am ngeen seen fowukaay, yeen a ci des.

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**fowukaay :** lu ñuy fowe.
**taaral :** yokk ci dara lu koy gën a rafetal.
**tuqusi-ngalam :** fowukaayu gone, xaw a mel ni xalam.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| bant | ci cas gi. | Takkal | bu ndaw bi |
|---|---|---|---|

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

taaru dëgër

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

boole téye

### e. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**caas, xottu pot, bool, takk, bant**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Ñaata bant nga soxla sooy defar tuqusi-ngalam ?
2. Fu ñuy def catu bantu niim bi ?
3. Foo war a takk caas gi ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Wañaaral pot bi takk caas gi ci leneen cat li.
2. Wañaaral bant bi takk caas gi ci leneen cat li.
3. Lemal bant bi takk caas gi ci leneen cat li.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Limal ñetti cér yu nekk ci Tuqusi-ngalam gi ?
2. Kan moo won xale yi ni ñuy defare Tuqusi-ngalam ?
3. Bant bi ñuy defare Tuqusi-ngalam nu muy mel ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Xale biy defar Tuqusi-ngalam ku koy jàngal ni mu ciy fowe ?
2. Ndax Tuqusi-ngalam naqari naa defar ?
3. Soo amul bant ndax dinga ko mën a defar ?

### c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(ñeenti, ñaar fukki, juroom-benn-fukki, rëy, mën a)


Caas gi na gudde, ..... sàntimeetar.

Pot bu .....def liitar moo baax.

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal

Bindal ci sa kaye/ àrduwaas arafu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi

1. Tuqusi-ngalam dafay am bant, caas ak kaas.
2. Tuqusi-ngalam dafay am pot, bant ak wëñ.
3. Tuqusi-ngalam dafay am pot, bant ak caas.



### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nga digal sa xarit nu muy defare Tuqusi-ngalam.

# Laaj yi ak liggeey yi

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | laaj na | Jëmbate garab. | nu ñuy | Mari |
| 2 | ci pot bi | dugalal | bant bi | catu |

### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat bi ci bokkul te bind ko ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | garab, fas, reen, jëmbat |
| 2 | Tuqusi-ngalam, riiti, rajo, kooraa, xalam |

## II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Ndax Mari xam na nu ñuy jëmbate garab ? | a. Xam na ko. | b. jëmbat na ko benn yoon. | c. Won nañu ko ko |
| 2. Su nu jëmbatee garab, ndax benn yoon rekk la ñu koy suuxat ? | a. Dunu ko suuxat | b. Danu koy roose yoon yu bare. | c. Danu koy roose benn yoon |

*Ci ñaareelu jukki bi* :

**Laaj yi :** | **Tontu yi :**

1. Ndax pot bi ngay defare tuqusi-ngala, war na am dara ?

| a. **War na am ndox.** | b. **Warul a am dara.** | c. **War na am suuf.** |
|---|---|---|

2. Ndax mën nañu defar tuqusi-ngalam su nu amul bant ak caas ?

| a. **Mën nañu ko defare weñ ak caas.** | b. **Mën nanu ko defare bant ak weñ.** | c. **Mën nanu ko defare bant ak caas.** |
|---|---|---|

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. Xëccal caas gi ba mu tëdd.
2. Génneel njëmbat mi ci pot bi mu  nekk.
3. Xëccal caas gi ba mu daŋ.
4. Génneel ndox mi ci pot bi mu nekk.

### c. Ma wax li ma jàpp


Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee, nga wax li nga ci jànge.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga  jàng ci ayu-bés gi, biralal bu ci ne ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ñaari kàddu ci sa kaye, digal sa xarit ni ñuy defare Tuqusi-ngalam.



# Nan ngay jëfandikoo ordinaatëer?

Xale yi laaj nañu seen nijaay nu ñuy jëfandikoo ordinaatëer. Léegi kat am nanu ko ci kër gi. Seen nijaay nee ne leen : « Ku bëgg a mën ordinaatëer, nii la :

- Xoolal ci kayit gi ànd ak tegtal yi ñu la jox,
- Na nga jàng nooy taale ak nooy feye sa ordinaatëer ci kaarànge gu mat sëkk.
- Leegi mën nga tijji sa ordinaatëer ba gis pàcc yi mu ëmb ;
- Raayal sa loxo ci li féete ci suuf mel ne ku yore sa portaabal ;
- Jëfandikool yenn saa yi jinax ji su la neexee,
- Ak jinax ji, randaleel joxoñukaay bi ci biro bi maanaam ngiska li,
- Leegi tijjil weneen xët ngir mën a tàmbali,
- Ak jinax ji walla li tegu ci suuf te nga koy raay, toxalal joxoñ bi ci xët wi,
- Tàmbaleel bind jukki bu ndaw ;
- Tànnal ab jukki, su boobaa dinga mën a soppi melo wi walla dayo bi.Nanga xam ne lu yomb te neex a def la, bu ci am xel ñaar, amulbenn jafe-jafe
- Jërëjëf ! leegi, mën nga fey sa ordinaatëer ak bitoŋ bi koy fey,
- Leeg-leeg, deel faral di baamtu li nga defoon.

Soo koy def dinga mën a jariñoo bu baax sa ordinaatëer, dinga mën a demal sa bopp yaw kese te kenn du la jàppale.

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**ordinaatëer :** jumtukaayu xarala bu bees la.
**kaarànge :** lépp lu lay aar.
**ngiska :** mooy li ngay janoo te mu mel ne seetu ; ekaraŋ bi.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **ordinaatëer.** | **Na nga** | **sa** | **tijji** |

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   jàpp dayo

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   yomb fey

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**ngiska, butoŋ, jinax, saag, joxoñukaay**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Kan la xale ñaan ndimbal ngir jëfandikoo ordinaatëer ?
2. Lan la jinax ji di jariñ ?
3. Nan lañuy feye ordinaatëer ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Randaleel jinax ji ci biro bi.
2. Randaleel seetukaay bi ci biro bi.
3. Randaleel joxoñukaay bi ci biro bi.

Bés 2

# I. Ma dégg li jukki bi ëmb

## a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Ñaata nit ñoo nekk ci nataalu jukki bi ?
2. Lu ñuy def ?

## b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Ndax nijaayu xale yi mën na jëfandikoo ordinaatëer ?
2. Ndax mën nañu bind ci ordinaatëer bu amul jinax ?
3. Jàng ba mën a jëfandikoo ordinaatëer, ñaata fan la laaj ?

## c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(fey, sangu, jukki, xët, bunt, caabi)

Tijjil weneen......... ngir mën a tàmbali.
Tàmbaleel bind.......... bu ndaw.
Leegi mën nga........sa ordinaatëer ak...........   .

## d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/ àrduwaas arafu  kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Xale bu jigeen baa ngi toog ci kanamu ordinatëer bi.
2. Xale bu jigeen baa ngi denc ordinaatëer bi.
3. Xale bu jigeen bi fey na ordinaatëeram.

## d. Ma wax li ma jàpp


Waxal li nga jànge ci jukki bi.

# II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

# III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, digal sa xaritnu muy jëfandikoo ordinaatëer.



# Telefon portaabal bi

Badu am na portaabal bu bees. Yaayam a ko jënd neexale ko ko ci juroom-ñetteelu atam. Xamagul nan lañu koy jëfandikoo. Ci la ko seexam Mari waxe ne ko moom yaayam xamaloon na ko ko. Badu ne ko mu jàppale ko ci. Mari ne ko nii nga war a def :

- Fayal telefon bi balaa ngay door.
- Samp ko ci kuraŋ ba mu fees dell, taal ko.
- Demal ci biro bi, tànn li nga bëgg def ci ngiska gi.
- Tànnal li war a feeñ ci ngiska gi, seetal arafukaay bi, mooy tax nga mën a am nimero telefon yi.
- Xamal ne butoŋ yiy taal, ñooy fey.
- Xàmmeel butoŋ biy tax nga mën a yokk li ngay dégg.
- Ci biro bi, ràññeel misaalu foto : dinga ci mën a def foto yu rafet soo bëggee.
- Jëfandikool bën-bën bi ci kow soo bëggee dégg.
- Bul fàtte ne sa telefon bokk na ci yi ngay laal mu dox ; looloo tax doo ci sonn.
- Puusal rekk sa loxo, biro bi tàkk.
- Leegi, demal ndànk-ndànk ba mokkal lépp.
- Déglul ma woo la ndax jàpp nga lima wax.
- Su ñu noppee, woo ma, ma tontu la.
- Baax na, leegi, demalal sa bopp, woowal sa tànta.

Ci noonu rekk, Badu bës ay lim ak butoŋu woote bi. Tàntaam wuyu, mu bég, ne aloo, daldi door waxtaan.

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**arafukaay :** fi ñu def araf yi ci telefon bi.
**mokkal :** xam bu baax looy jàng walla looy def.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Bësal** | **biy** | **butoŋ** | **taal.** |

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

yokk taxawal

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

magam bëgg

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**woote, toj, taal, wuyu, fey**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Lu Badu am ?
2. Lu ñuy won Badu ?
3. Ku ko ko won ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Sampal telefon bi ci kuraŋ bi.
2. Bul samp telefon bi ci kuraŋ bi.
3. Sampal telefon bi ci kuraŋ bi te bu mu fees.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Kan moo nekk ci nataal bi ?
2. Lu xale bu góor bi di def ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Ndax Badu mi am juroom-ñetti at war naa am telefon ?
2. Luy njariñu telefon ci xale bi ?

### c. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.


(tegu, ma, nga, ma)

Li ci ...mooy... woo..., ...tontu la.

(mën, na, demal, bopp)

Baax..., leegi, ...nga... sa... .

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/àrduwaas arafu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.

1. Badoo ngi wër portaabalam.
2. Badu am na portaabal bu bees.
3. Badu amul portaabal.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, boo doon digal Badu dara ci telefonam boobu loo koy wax.

## Laaj yi ak liggeey yi

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | jukki bu | bind | ndaw. | Tàmbaleel | |
| 2 | butoŋ | biy taal | di fey. | ak | Xàmmeel |

#### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat yi ci bokkul te bind leen ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | taalal, sànnil, déglul, wooteel, feyal |
| 2 | samp ci kuraŋ, nuyu fotokat, xàmmee butoŋ |

### II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

#### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Lu xale yi laaj seen nijaay ? | a. Nu ñu tudd. | b. Nu ñuy jëfandikoo ordinaatëer. | c. Fu ñu jëm. |
| 2. Lu ordinaatëer di jariñ xale yi ? | a. Tàngal leen. | b. May doole | c. Fo kese |

*Ci ñaareelu jukki bi* :

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Ku jëndal Badu portaabal ? | a. a. pàppaam | b. yaayam | c. magam |
| 2. Lu xale di doye portaabal ? | a. Woote ak wuyu. | b. Seetaan. | c. Wuyu rekk. |

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. Dama lay woo, nga jàngal ma.
2. Feyal sa ordinaatëer ci kaarànge.
3. Dama lay woo, nga wuyu ma.
4. Feyal sa ordinaatëer ci yàkkamti.

### c. Ma wax li ma jàpp


Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee, nga wax li nga ci jànge.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, biralal bu ci ne ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ñaari kàddu ci sa kaye tàggatu, digalal sa xarit ni ñuy toppatoo ordinaatëer walla telefon.



# Nooy jéggee tali

Tey ci suba la Mari ak Badu di dellu jàngi ekool. Seen ekool mu ngi nekk ca wet ga ca des te fàww ñu jéggi tali. Looloo tax seen yaay di leen jox ay dénkaane ni leen : « Na ngeen moytu bu ngeen di jéggi tali bi ndax am na oto yuy daw, ay sareet, aki moto. Kenn warul a jéggi tali na mu ko neexe ak fa mu ko neexe.

Jàppleen ni su ngeen di jàll tali nii ngeen war a def.

- Na ngeen jaar fi rëddi ñiy dox nekk walla fi ñu def « dóo-daan ».
- Moytuleen bu baax itam su ngeen di jaar ci rëddi ñiy dox waaye itam ci fi ñu rëddul.
- Geestuleen seen ndeyjoor ak seen càmmooñ ba gis ne dara ñëwul.
- Boo leen gisul wenn waruwaay wuy ñëw, moo xam oto, moto walla sareet, ngeen soog a jéggi.
- Boo leen nekkee fu am làmpi jéggi, xaar leen ba làmp bu xonq bi tàkk ngeen di soog a jéggi. Na fekk waruwaay yi taxaw ba noppi ;
- Geestuleen seen ndeyjoor ak seen càmmooñ ba gis ne oto, moto walla sareet ñëwul, ngeen soog a jéggi.
- Su làmp bi wertee oto yi dañu war a dem, taxawleen xaar ba làmp bi tàkkaat xonq.
- Waaxuleen, bu ngeen di jéggi.
- Bu leen nekk di daagu ne ku nekk këram.
- Bu leen jéggi mukk tali di daw walla di tëb, mën ngeen a daanu, indil seen bopp musiba.

## Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**jéggi :** jàll béreb, jóge ci gii wet dem ca ga ca des.
**rëddi ñiy dox :** yoon wu ñu def rëdd yu weex te ñiy dox war faa jaar.
**dénkaane :** digle.

# I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| seen kër. | di daagu | ne ku nekk | Buleen |
|---|---|---|---|

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

jaar daagu

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

waaxu ndeyjoor

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**geestuleen, moytuleen, tëddleen, waaxuleen**

# II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

1. Badu ak Mari lu ñu def tey ci suba ?
2. Lan la seen yaay wax ñu def ko suñuy jéggi ?
3. Kañ la kuy jéggi tali bu am làmpi jéggi war a jàll ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Buleen nekk di daw ne oto bu nekk ci tali.
2. Buleen nekk di daagu ne ku nekk seen kër.
3. Nekkleen di daw ne ku nekk seen kër.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Kañ la Mari ak Badu di dellu ekool ?
2. Kañ la oto bi war a jàll ?
3. Kañ la oto yi war a taxaw ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Ana lu mën a jàll ci tali ludul oto, moto ak sareet ?
2. Kuy daw di jàll lu ko mën a dal ?
3. Nan la yoonu ñiy dox di mel ?

### c. Ma mottali


Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(càmmooñ, oto ndeyjoor, làmp)

Geestuleen seen.....ak seen .....bala ngeen di jéggi.

Bu....bi tàkkee.....oto yi dañuy taxaw.

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal



Bindal ci sa kaye/ àrduwaas arafu kàddu gi mën a and ak nataal bi

1. Nit ñi dañuy jéggi.
2. Nit ñi dañoo taxaw.
3. Nit ñi dañoo toog.

### f. Ma wax li ma jàpp


Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nga digal sa xarit naka la war a jéggee tali .



# Nan ngay doxale ci koñ bi nga dëkk

Xale yi, bi ñu wàccee, dañu wax seen pàppa : « Pàppa, sunu madam dafa ni nu laaj leen, ngeen wax nu naka la nit war a dëkke ci koñam. « Doo nu ci jàppale ? Lii moo war : Seen pàpa ni : « Waawaaw doom ! Soo bëggee nekk nekkin wu rafet ci koñ bi ngeen dëkk, war ngeen :

- Rafetal seen diggante ak seen ay dëkkandoo.
- Wone yar ak teggin ci ni ngeen di defe ak ci ni ngeen di waxe;
- Di toppatoo ni ñuy dunde ak li ñuy liggeey (te bañ a deñ kumpa). su ko defee, leeg-leeg ngeen mën a dimbalee.
- Fexe ba bañ a sonnale, ci waxtu noppalu, ak coow lu bare, su ngeen di fo, liggeey walla su xew amee ;
- Bokk bu baax ci dundinu kàrce bi, ci liggeey yi jëm ci defar koñ bi moo xam set-setal, jëmbat garab mbaa leneen ; ak yu jëm ci wàllu po naka futbal, tiyaatar, ak ñoom seen.
- Toppatoo seen buntu kër te bañ a tilimal koñ bi, di sànni lu leen neex, fu leen neex.
- Génne pólli mbalit yi ci waxtoom, bu oto mbalit bi ñëwee ; bu ñëwagulee ngeen muur leen bu baax te di leen seet.
- Déggoo ak ñi ngeen dëkkal, te di dem leeg-leeg di leen nemmiku.

Su ngeen toppee tegtal yii, ñu yaru te neex a dëkkal ngeen di doon ».

# Laaj yi ak liggeey yi

Bés 1

**Baat yu jafe yi**

**ku am teggin :** ku am yar, ku am aajo, ku am worma.
**ku deñ kumpa :** ku bëgg a xam lu nekk.
**di leen nemmiku :** di leen seeti.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **sonle** | **ci** | **dallu.** | **Buleen** | **waxtu** |

### b. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

1. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

jàppale déggoo

- **Baat yu woroo**

2. Bindal ci sa kaye/àrduwaas baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

rafetal tilimal

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**yar, teggin, xamadi, jub**

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

2. Kiy wax xale la walla mag ?
3. Fan la war a waxtaane ?
4. Ku ko dimbale ci waxtaan woowu ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/àrduwaas limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Rafetalal sa nekiin ak say àndandoo.
2. Rafetalal sa diggante ak say dëkkandoo.
3. Rafetalal sa doxalin ak say xarit.

Bés 2

## I. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Tontul ci laaj yii :

1. Ñan ngeen gis ci nataalu jukki bi ?
2. Fan la ñu nekk fii ?
3. Nan la buntu kër gi mel ?

### b. Ma tontu

Tontul ci laaj yii :

1. Nan la pàppa ji dimbalee xale yi ?
2. Lu mu koy jural su toppee li ko pàppaam wax ?
3. Ban njariñ la ci waa kalaasam mën a jële ?

### c. Ma mottali


Sottil ci sa kaye/àrduwaas kàddu yi te mottali leen ak baat yi war.

(jëmbatal, koñ, dundinu, bul)

Bokkal bu baax ci..........kàrce bi ........ garab.
............ tilimal........... bi.

### d. Ma lëkkale kàddu ak nataal

Bindal ci sa kaye/ àrduwaas arafu kàddu gi mën a ànd ak nataal bi.



1. Xadi mi ngi dem moom ak pàppaam.
2. Xadi mi ngi wax moom ak pàppaam.
3. Xadi mi ngi topp pàppaam.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi ci ñetti simili.

## III. Ma bind

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, digal sa xarit lan la war a defal koñam su bëggee dëkkin wi neex.

## Laaj yi ak liggeey yi

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gu ci nekk ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | nekk. | ñiy dox | fi rëddi | Na ngeen jaar |
| 2 | ci ñiy | Bokkal | kàrce bi. | setal |

#### b. Ma seppi

Seppil ci mboole mu nekk, baat yi ci bokkul te bind leen ci sa kaye.

| | |
|---|---|
| 1 | wert, xonq, kër, mboq |
| 2 | tooñal, toppal ndigal, woneel yar, amal teggin, ñàkk yar |

### II. Ma fàttaliku la jukki ya ëmboon

#### a. Ma tontu

Bindal ci sa kaye arafu tontu wi jub.

*Ci jukki bu jëkk bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Lan la xale yi war a moytu bu ñuy jéggi tali ? | a. oto, sareet, moto | b. seen yére | c. taw bi |
| 2. Lu tax seen pàppa di leen jàngal nu ñuy jéggee tali ? | a. Ngir ñu gaaw. | b. Dara bañ leen a dal. | c. Ndax ñu dëgër. |

*Ci ñaareelu jukki bi :*

| Laaj yi : | Tontu yi : | | |
|---|---|---|---|
| 1. Xale yi lu leen seen Madam laaj ? | a. **Fu ñu dëkk.** | b. **Nu nit di mel ci koñam.** | c. **Lu ñuy def.** |
| 2. Déggoo ak ñi nga dëkkal ndax lu baax la ? Lu tax ? | a. **Amul njariñ.** | b. **Jaru ko.** | c. **Ngir am nekkin wu rafet.** |

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu yi jub te dëppoo ak jukki yi nga jàngoon.

1. Toppatool seen buntu kër te bañ a tilimal koñ bi.
2. Waaxuleen, bu ngeen di jéggi.
3. Bul toppatoo seen bunt kër.
4. Dawleen su ngeen di jéggi.

### c. Ma wax li ma jàpp

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, yelul bu ci ne ay yoon. Soo noppee, nga wax li nga ci jànge.

## III. Ma dawal jukki bi

Ñaari jukki yi nga jàng ci ayu-bés gi, biralal bu ci ne ñaari yoon. Yoon wu ci ne, na nga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.

## IV. Ma bind

Bindal ñaari kàddu ci sa kaye tàggatu, nga digal sa rakk ni mu war a mel ba doon xale bu yaru.

**Sabab** :
Ki lay jàppale ci njàng dafa la bëg a waajal ci ab joŋante. Jox na la jukki bi ci suuf ak ay laaj.

**Ndigal** :

Yelul jukki bi, jéem a dégg li ñu ci wax te tontu ci liggeey ak laaj yi.

# Ni nuy def ba sunu kalaas di set

Ren, mbirum cet lañu war a waxtaane ci ayu-bés gi ñu jagleel ekool yi. Direktëeru ekool Waali Fata wax na elew yi ne, su at mi jeexee, kalaas bu saxal cet dina am neexal. Elewi kalaas yu mag yi la ñu jiital ngir ñu seet naka lañu war a def. Terewul ñu boole ci itam elewi yeneen kalaas yi. Looloo tax Mari, Badu ak seeni xarit di jéem a am pexe yu ñuy lal ngir seen kalaas jot neexal bi. Laaj nañu sax seen i waajur ak seeni madam ay xalaat. Bi ñu defee ay ndaje yu bare, ñu tënk seeni matuwaay.
Li nu war a def sunu bëggee sunu kalaas di set :

- Nanu def elew yi ay kureel ngir ñuy defar.
- Nanu fal njiit ci kureel gu nekk ngir muy soññe ci liggeey bi.
- Nanu defar arminaatu liggeeyu kureel yi.
- Nanuy wut ay mask, muur sunu bakkan, balaa pënd biy jóg, laataa nuy tàmbali liggeey.
- Nanuy fëgg palanteer yi, fomp bunt yi ak armuwaar yi, biro yi, taabal-baŋ yi ak toogu yi.
- Nanuy wis ndox bala noo bale.
- Nanuy dindi lënd yi.
- Nanuy jël mbalit mi def ko ci pubeelu kalaas yi.
- Nanuy fomp tablo yi suba su ne tey def meneen ndox mu nuy liggéeye ci bëccëg gi.
- Nanuy moytu di bind ci miir yi ak ci taabal yi.
- Nanuy sargal kureelu liggeeykat yi def loolu ci bëccëg gi.

## I. Ma tekki

### a. Ma mottali

1. Sottil kàddu gi te dugal ci baat yi war : bale, laataa, mbalit, wis, fomp.
Nanuy ............. ndox ................ nuy .............   .

2. Sottil kàddu gi te dugal ci baat yi war : tilimal, raxas, taabal, bu, nanu.
............. kenn .............. miir yi ak ................ yi.

### b. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu yi ci sa kaye.

1. | fal | toppatoo | liggeey bi. | Nanu | kuy |

2. | Jargoñ | Nanuy | lëndi | dindi | yi. |

### c. Ma ràññee

- **Baat yu bokk tekki**

Baat bu nekk ci yii ci suuf, bindal bu bokk tekkin ak moom ci sa kaye.
tax
kureel

- **Baat yu woroo tekki**

Baat bu nekk ci yii ci suuf, bindal bu woroo tekki ak moom ci sa kaye.
jiital
tàmbali

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma tontu

Tontul laaj yi :

1. Palanteer yi, nan lañu leen war a def ?
2. Ñan lañu war a sargal ?
3. Ngir bañ pënd bi jóg, nan lañu war a def bala ñoo bale ?

### b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Nanuy jël mbalit mi def ko ci póllu yi.
2. Nanuy jël mbalit mi def ko ci kalaas yi.
3. Nanuy dajale mbalit mi bañ koo def ci paollu yi.

## II. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi te mu ànd ak nga settantal baat yi ak kàddu yi. Na nga bàyyi xel it bu baax ci tomb yi.

**Sabab** :

Ekool a ngi waaj a tëj. Am na joŋante bu mag ci njàng. Ngir waajal la ci, jox nañu la jukki yi ci suuf ak laaj yi.

**Ndigal** :

Yelul jukki bu ci nekk, jéem a dégg li ñu ci wax te tontu ci liggeey yi ak laaj yi mu àndal.

## 1 Cuubkat bi

Maam Nogay yaayu pàppa Omar cuubkat la. Boo ko seetee, li ngay gis te mu lay yéem mooy yére yiy melax te ñu weer leen ci liiñ gi. Maam Nogay, li muy màgget màgget, mu ngi wéy di liggeey. Dafa am bis, yaay Astu seeti ko, yóbbaale ab robbam ngir mu cuubal ko ko. Ci saa si, Maam Nogay sol ay gaŋam, takk masku bakkan. Daaldi na jël paanug ndox def ci xeme ak segene ay mbir yuy téye tàkk-tàkku yére yi. Ginnaaw bamu defee pëndax bu bulo ak bu mboq ci paan gi, dugal na ca robbu Astu bu bulo ba. Ci la jële bant di yëngal bu baax robb bi ci biir ndox mi. Ndox mi tàmbali di fuur ndax mbir yi ñu ci def. Tàngoor wi jàpp na Maam Nogay. Ñaq wi di rogalaat, waaye taxul mu noppalu. Ab diir, mu dindi robb bi ci ndox mi, weñ ko bu dëgër. Bi mu noppee, dugal ko ci ndox mu set, génne ko, weñaat ko, weer ko ci liiñ gi. Kenn masul a gis lu mel nii ! Leegi, Astu amaat na robb bu wert bu rafet.

### Laaj yi ak liggeey yi

**a. Tontul laaj yi ci sa kaye.**

1. Kan mooy maam Nogay ?
2. Lu muy liggeey ?
3. Ndax at yi Maam Nogay am tax na mu néew doole te tàyyeel ?
4. Luy firndeel sa tontu?
5. Lu tax liggéeyu Maam Nogay di laaj masku bakkan ?

**b. Bindal kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi ci sa kaye.**

1. Robbu Astu bi, bi ñu ko cuubee, dafa mujj wert.
2. Robbu Astu bi, bi ñu ko cuubee, dafa mujj bulo.
3. Robbu Astu bi, bi ñu ko cuubee, mujjul wert.

**c. Biralal jukki bi te mu ànd ak nga settantal baat yi ak kàddu yi. Na nga bàyyi xel it bu baax ci tomb yi.**

# 2 Bitigu Asan

Nijaay Asan moo yor bitig bi gën a rëy ci sunu kàrce. Mu ngi nekk ca catu mbedd mu mag mi jàkkaarloo ak gaaraasu oto yi. Dafay ubbi bés bu ne ci suba ba fukki waxtu ci guddi. Njaay yu wuute nga fay fekk. Ca ndeyjoor, ci suuf, la ñu raŋale ay saaku yu def lépp luy dund, deme ne ceeb, dugub, ñebbe, pombiteer, soble...

Ca càmmoñ, ci kow kontuwaar bi, am na fa benn peesekaay aki poo. Yeneen njaay yi ñu ngi raŋaloo ci taseer yi. Am na sax yu nekk ci suufu kontuwaar bi ak ci biir turwaal yi. Mën na ñu faa jënd sax ay kàrti telefoŋ.

Nijaay Asan, du moom rekk moo nekk ca bitig ba di jaay. Jël na ku jub ku koy jàppale ci liggeey bi. Am na itam benn wattukat bu am kàttan te farlu. Mooy toog ci buntu bitig bi, am bët ci ñépp. Ca biir a biir, am na fa as mbunt suy ubbeeku ca màngasiin ba. Foofa la Asan di denc yi mu jaayagul.

## Laaj yi ak liggeey yi

**a. Tontul laaj yi ci sa kaye.**

1. Fan la bitigu Asan jàkkaarlool ?
2. Yan njaay ñoo nekk ca bitig ba ?
3. Lu waral boroom bitig bi def màngasiin ba ca biir a biir ?
4. Ñaata nit ñooy jàppale Asan ci liggeeyam ? Ñan lañu ?

**b. Bindal kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi ci sa kaye.**

1. Bitigu Asan dafay ubbi ba fukki waxtu ak benn ci guddi.
2. Bitigu Asan dafay ubbi ba fukki waxtu ci guddi.
3. Bitigu Asan du ubbi ba fukki waxtu ci guddi.

**c. Biralal jukki bi te mu ànd ak nga settantal baat yi ak kàddu yi. Na nga bàyyi xel it bu baax ci tomb yi.**

## 3 Naka lañuy defare oto fowukaay ?

Xale yi dañu bëgg a bokk ci joŋante bi ñuy tànne ñi gën a xarala. Madam Jàllo moo leen di xelal. Xamal na leen ne su ñu bëggee defar oto, soxla nañu ay jumtukaay ak xam ni ñu ko war a defare.

**Jumtukaay yi :**

- 4 kubéeru bitéelu liminaat yu palaastig
- 1 panaal
- aw kàrtoŋ wu yaatoo 7 sàntimeetar, gudde 15 sàntimeetar
- 3 tiwoy big yu amul dara
- 2 banti boroset yu gudde bu ci nekk 11 sàntimeetar
- 2 daggiti findfeer

**Ni ñu koy defare :**

- Tegleen 2 tiwoy big yi ci ñaari yaatuwaayi kàrtoŋ yi, ñu leroo.
- Nangeen bàyyi 2 sàntimeetar diggante tiwo bu nekk ak peggi kàrtoŋ yi.
- Bënnleen kàrtoŋ gi, takk tiwo yi ak findfeer.
- Dugalleen ci tiwo bu nekk bantu boroset.
- Ëppalleen wet gu nekk 1 sàntimeetar ak dara ngir kubeer yi mën a jàpp.
- Nañu leen bënnal kubeer yi ci digg bi.
- Dugalleen, ci catu bant bu nekk, genn kubeer, mu doon ab pono.
- Dugalleen baatu panaal mu ëmb baatu ñetteelu tiwo bi te mu bañ a sori.

- Takkleen bu dëgër ak lëstig gémmiñu manq gi.
- Takkleen ñetteelu tiwo bi ci guddaayu kartoŋ bi, ci digg bi.
- Ëfleen panaal bi, fatt buntu tiwo bi.
- Tegleen oto bi fu tàlli te bàyyi fi ngeen fattoon, ngelaw li génn.
- Demleen ak jàmm !

## Laaj yi ak liggeey yi

### a. Tontul laaj yi ci sa kaye.

1. Xale yi, ci lan lañu bëgg a bokk ba tax ñuy defar oto ?
2. Kan mooy jàppale xale yi ?
3. Lan la kubéeri bitéelu liminaat yi di jariñ ?
4. Ginnaaw bu ñu defaree oto bi, lan mooy tax mu mën a daw ?

### b. Bindal kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi ci sa kaye.

1. Wutleen ku leen bënnal kubeer yi ci digg bi.
2. Bënnal kubeer yi ci digg bi.
3. Wutleen ku leen bënnal kubeer yi ci pegg bi.

### c. Biralal jukki bi te mu ànd ak nga settantal baat yi ak kàddu yi. Na nga bàyyi xel it bu baax ci tomb yi.